


Dwa Paran yo

Avi Garanti Pwosedè Maryland

*Entèvansyon Bonè pou tibebe ak
timoun Piti, Edikasyon Espesyal nan
Lekòl Matènèl ak
Edikasyon Espesyal*



REVIZYON Jiyè 2021



**DEPATMAN EDIKASYON ETA MARYLAND DIVIZYON SÈVIS
ENTÈVANSYON BONÈ AK EDIKASYON ESPESYAL**

Dwa Paran yo
Avi Garanti Pwosedè Maryland
Tibebe ak Timoun piti, Lekòl matènèl ak Edikasyon espesyal
Janvyè 2021

© 2013 Depatman Edikasyon Eta Maryland

Publikasyon sa a te devlope epi pwodwi pa Depatman Edikasyon Eta Maryland (MSDE), Divizyon sèvis entèvansyon entèvansyon bonè ak edikasyon espesyal ak fon Depatman Edikasyon Etazini, IDEA Part C Grant #H181A120124, ak IDEA Part B Grant #H027A012035A, Copyright 2013, Depatman Edikasyon Eta Maryland (MSDE). Li pèmèt epi ankouraje lektè yo pou yo kopye epi pataje dokiman sa a, men yo dwe bay Divizyon sèvis entèvansyon bonè MSDE ak edikasyon espesyal la kredi. Tout lòt dwa rezève. Depatman Edikasyon Eta Maryland pa fè diskriminasyon tankou ras moun nan, koulè li, sèks li, laj li, orijin li, relijyon li, andikap li genyen oswa oryantasyon seksyèl li nan zafè ki gen pou wè ak travay oswa aksè ak pwogram yo. Pou kesyon ki gen rapò ak politik depatman an, tanpri kontakte Direksyon pwosesis san patipri ak konfòmite a, Biwo depite Sipèntandan adjwen administrasyon an, Depatman Edikasyon Eta Maryland, 200 West Baltimore Street, 6yèm etaj, Baltimore, MD 21201-2595, 410-767- 0433, Fax 410-767-0431, www.MarylandPublicSchools.org. An akò ak Lwa Ameriken ki andikape yo (ADA, an anglè), dokiman sa a disponib nan fòm altènatif, sou demann. Kontakte Divizyon Sèvis Entèvansyon Bonè/Edikasyon Espesyal, Depatman Edikasyon Eta Maryland nan telefòn (410) 767-7770 oswa Faks (410) 333-1571.

Mohammed Choudhury
Sipèntandan Eta lekòl yo

Clarence C. Crawford
Prezidan
Konsèy nasyonal edikasyon

Carol A. Williamson, Ed.D.
Direktè zafè akademik

Marcella E. Franczkowski, M.S.
Sipèntandan asistan eta a
Divizyon sèvis entèvansyon bonè ak edikasyon espesyal

Larry Hogan
Gouvènè

Depatman Edikasyon Eta Maryland
Divizyon sèvis entèvansyon bonè ak edikasyon espesyal
200 West Baltimore Street
Baltimore, Maryland 21201
410-767-7770 (telefòn)
410-333-1571 (fax)
<http://www.marylandpublicschools.org> (an anglè)

Dokiman sa a disponib nan Depatman Edikasyon Eta Maryland la, Divizyon sèvis entèvansyon bonè ak edikasyon espesyal nan lang sa yo: Amharic, Arab, Bengali, Burmese, Chinwa, Dari), Fransè, Gujarati, Kreyòl Ayisyen, Ebre, Hindi, Japonè, Koreyen, Nepali, Pashto, Pòtigè, Ris, Panyòl, Tagalog, Tik, Oudou ak Vyètnamien.

TAB KONTNI YO

Dwa Paran yo	2
AVI GARANTI PWOSEDI A.....	1
LANG NATIF NATAL.....	2
IEP ak IFSP	2
IMÈL.....	2
IEP ak IFSP	2
AVI ALEKRI ALAVANS	2
IEP ak IFSP	2
Avi:	2
Kontni avi alekri a:	3
KONSANTMAN.....	3
IEP ak IFSP	3
Konsantman paran an:	3
IEP – PATI B	4
Règleman espesyal pou premye evalyasyon pwoteje leta yo:	4
Konsantman paran an pou sèvis yo:	5
Anilasyon konsantman paran an pou sèvis yo:	5
Konsantman paran pou reevalyasyon sèlman timoun ak jèn IEP yo:	6
Dokimantasyon jefò ki rezonab pou jwenn konsantman paran yo:	6
Lèt kondisyon pou konsantman.....	6
IFSP – PATI C.....	7
Konsantman paran pou sèvis atravè yon IFSP:	7
Paran yo toujou gen dwa pou refize sèvis yo:	7
Konsantman paran pou tès oswa evalyasyon adisyonèl	7
EVALYASYON EDIKASYON ENDEPANDAN	8
IEP sèlman	8
Definisyon.....	8
Kritè ajans piblik yo:	8
Dwa yon paran pou evalyasyon sou kont leta:	8
Evalyasyon paran an kòmanse:.....	9
Demann pou yon evalyasyon pa yon jij dwa administratif (ALJ, <i>an anglè</i>)	9
PARAN RANPLASAN.....	9
IEP ak IFSP	9
Kritè pou paran ranplasan:.....	9
KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON	10

IEP ak IFSP	10
Definisyon.....	10
Garanti:	11
Konsantman:	11
Dwa ak aksè:.....	12
Dosye aksè:.....	12
Modifikasyon dosye yo sou demann paran yo:	13
Pwosedri pou destriksyon enfòmasyon.....	13
Dwa timoun:	14
Enfòmasyon sou disiplin:	14
DISIPLIN TIMOUN KI GEN ANDIKAP YO	14
Definisyon.....	14
Otorite pèsònèl lekòl la:.....	15
Sèvis:.....	16
Detèminasyon manifestasyon	16
Sikonstans espesyal:	17
Chanjman yon plasman:	17
Demann yon mezi disiplin:	18
Timoun yo poko detèmine si l kalifye	19
Rekòmandasyon ak aksyon pa ranfòsman lalwa ak otorite lajistis yo.....	20
PLASMAN INILATERAL TIMOUN YO NAN	20
Limit sou ranbousman:	20
TRANSFÈ DWA PARAN AN BAY TIMOUN YO	21
REZOUZ DEZAKÒ.....	22
IEP ak IFSP	22
Medyasyon.....	22
Reyinyon pou ankouraje medyasyon:.....	23
Diferans ant yon plent leta ak yon plent pou pwosè nòmal:.....	23
Plent leta:	24
Rezoud yon plent leta:	25
Rezoud yon plent leta ki nan yon odyans pwosè nòmal:	25
Plent pou pwosè nòmal:	26
Kontni plent pou pwosè nòmal:	26
Repons ak plent pou pwosè nòmal:	27
Sifizans avi a:.....	28
Estati timoun nan pandan pwosesis la:	28
Pwosesis rezolisyon:	28

Ajisteman nan peryòd rezolisyon 30 jou kalandriye a:	29
Akò règleman rezolisyon:.....	30
Odyans pwosè nòmal:.....	30
Yon jij dwa administratif (ALJ):	30
Gen yon plent nan kad pwosè nòmal:.....	30
Dwa odyans:	31
Divilgasyon lòt enfòmasyon:	31
Dwa paran yo:.....	31
Desizyon odyans la:.....	31
Plent nan kad pwosè nòmal ki separe:.....	32
Delè ak komodite nan yon odyans:.....	32
Desizyon odyans la:.....	32
Finalizasyon desizyon odyans la:	33
Demann:.....	33
FRÈ AVOKA YO.....	33
IEP ak IFSP	33
TABLO KONPAREZON PWOSESIS REZOLISYON IDEA	35

AVI GARANTI PWOSEDI A

34 C.F.R. § 300.504 ak § 303.421 ak § 303.404

Avi sou garanti pwosedè yo gen ladan yon eksplikasyon konplè sou dwa paran yo nan yon fason fasil pou konprann epi nan lang natif natal paran an, lè sa a nesèsè. Avi sou garanti pwosedè sa a aplike pou timoun ki gen andikap ak fanmi yo dapre lwa federal la, Lwa sou Edikasyon Moun ki Andikape yo.

Pwoteksyon ki nan dokiman sa a etabli pa Lwa federal sou Edikasyon Moun ki Andikape yo (IDEA, *an anglè*), 20 U.S.C. §1400 *et seq.*, Kòd Règleman Federal la (CFR, *an anglè*), 34 C.F.R. § 300.1 *et seq.* (IEP) ak 34 C.F.R. § 303.1 *et seq.* (IFSP) ak chapit sa yo nan Kòd Règleman Maryland oswa COMAR: COMAR 13A.05.01, COMAR 13A.08.03, ak COMAR 13A.13.01. Chak ajans piblik dwe etabli, kenbe epi aplike garanti pwosedè ki satisfè kondisyon ki nan IDEA a. Kote sa a apwopriye, avi sa a ap endike ki seksyon ki aplikab pou ni Pati B oswa Pati C ki nan IDEA a pandan l ap endike IEP ki pou Pati B a ak IFSP ki pou Pati C a.

Pou timoun ak fanmi k ap resevwa sèvis atravè yon IFSP, paran yo dwe resevwa yon kopi Garanti Pwosedè:

- ansanm ak Avi alekri alavans, ki gen ladan lè founisè Sèvis Entèvansyon Bonè pwopoze oswa refize, kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman timoun nan oswa bay sèvis entèvansyon bonè pou timoun nan ak fanmi timoun sa a;
- lè yo refere yon timoun pou Sèvis Entèvansyon Bonè selon Pati C; oswa
- avèk yon kopi sistèm eta a nan règleman peman lè yo jwenn konsantman pou bay sèvis entèvansyon bonè a.

Pou timoun k ap resevwa sèvis atravè yon IEP, paran yo dwe resevwa yon kopi dokiman garanti pwosedè yo yon fwa pa ane, eksepte yon ajans piblik yo ki dwe bay paran yo yon lòt kopi dokiman an:

- Sou premye rekòmandasyon an oswa demann paran pou evalyasyon;
- Lè yo resevwa premye plent Eta a alekri nan yon ane lekòl;
- Lè yo resevwa premye plent pou pwosè nòmal la nan yon ane lekòl;
- Lè yo pran yon desizyon pou pran yon aksyon disiplinè; ak
- Sou demann paran an.

Yon ajans piblik ka mete yon kopi aktyèl avi garanti pwosedè yo sou sit entènèt li, si sit entènèt sa a egziste.

Dokiman garanti pwosedè a gen ladan yon eksplikasyon konplè sou dwa paran yo, nan yon fason fasil pou konprann epi nan lang natif natal paran an, sof si li vrèman pa posib pou yo fè sa a. Si lang natif natal la oswa lòt mòd kominikasyon paran an se pa yon lang ekri, ajans piblik la dwe pran mezi pou tradwi garanti pwosedè yo aloral oswa pa lòt mwayen nan lang natif natal paran an oswa lòt mòd kominikasyon.

Ajans piblik la dwe kenbe prèv alekri pou dokimante tradiksyon avi a epi paran yo te konprann kontni garanti pwosedè yo.

LANG NATIF NATAL

IEP ak IESP

34 C.F.R. § 300.612, § 300.29, § 303.421 ak § 303.25

Paran yo gen dwa pou yo resevwa enfòmasyon yo nan lang yo ka konprann nan.

Lang natif natal, lè yo itilize li ak yon moun ki gen konpetans limite nan lang anglè, vle di bagay sa yo:

- Lang nòmalmman moun sa a itilize oswa nan ka yon timoun, lang paran timoun nan nòmalmman itilize;
- Nan tout kontak dirèk ak yon timoun (ki gen ladan evalyasyon timoun nan), lang timoun nan itilize nòmalmman lakay li oswa nan anviwònman aprantisaj la.

Pou yon moun ki soud oswa avèg oswa pou yon moun ki pa konn ekri, mòd komunikasyon an se sa a moun nan itilize nòmalmman (tankou langaj siy, Bray oswa komunikasyon oral).

Paran yo ka mande pou yo tradwi IFSP oswa IEP pitit yo a nan lang natif natal paran yo.

Si plis pase yon pousan (1%) popilasyon elèv nan sistèm lekòl lokal la pale lang natif natal paran yo pale a, pèsònèl lekòl apwopriye a dwe bay paran yo dokiman tradui a nan lesplas 30 jou apre dat demann lan. Yo pale tou sou kondisyon tradiksyon pou yon pousan sa a nan seksyon medyasyon dokiman sa a.

IMÈL

IEP ak IESP

34 C.F.R. § 300.505

Paran yo ka chwazi resevwa avi yo sou imèl yo si opsyon sa a disponib. Si ajans piblik la ofri paran yo chwa pou yo resevwa dokiman yo sou imèl yo, yon paran dwe chwazi pou resevwa imèl sa a:

- Avi alekri alavans;
- Avi garanti pwosedè; ak
- Avi ki gen rapò ak demann pou yon pwosè nòmalm

AVI ALEKRI ALAVANS

IEP ak IESP

34 C.F.R. §§ 300.503 ak 303.421

Paran yo gen dwa pou yo resevwa enfòmasyon alekri sou aksyon ajans piblik la ki konsène sèvis entèvansyon bonè pou timoun oswa edikasyon espesyal ak lòt sèvis.

Avi:

Yon ajans piblik dwe bay paran yo yon avi alekri nan yon delè ki rezonab anvan li pwopoze, oswa refize, kòmanse oswa chanje:

- Idantifikasyon;
- Evalyasyon;

- Pwogram edikasyon;
- Plasman edikasyon yon timoun
- Founi yon edikasyon piblik apwopriye (FAPE) gratis pou yon timoun; oswa
- Founi sèvis entèkansyon bonè nan timoun nan ak fanmi timoun nan atravè yon IFSP, oswa
- Founi edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak timoun nan atravè yon IEP.

Lè avi alekri a gen rapò ak yon aksyon ki mande konsantman paran yo, ajans piblik la ka bay avi alekri an menm tan.

Kontni avi alekri a:

Pou timoun ak fanmi k ap resevwa sèvis atravè yon IFSP, avi alekri a dwe:

- Dekri aksyon yo pwopoze a oswa yo refize a;
- Eksplike rezon pou poze aksyon an: ak
- Mete garanti pwosedè yo.

Pou timoun k ap resevwa sèvis atravè yon IEP, avi alekri a dwe:

- Dekri aksyon ajans piblik la pwopoze oswa refize pran an;
- Eksplike poukisa ajans piblik la pwopoze oswa refize poze aksyon an oubyen aksyon yo;
- Dekri chak pwosedè evalyasyon, evalyasyon, dosye oswa rapò ajans piblik la itilize pou deside pwopoze oswa refize aksyon an oubyen aksyon yo;
- Mete yon deklarasyon ki di paran yo gen pwoteksyon anba dispozisyon garanti pwosedè nan IDEA;
- Di paran yo kijan yo ka jwenn yon deskripsyon sou garanti pwosedè yo si aksyon ajans piblik la pwopoze oswa refize a pa yon premye rekòmandasyon pou evalyasyon an;
- Mete resous pou paran yo kontakte pou èd pou yo konprann IDEA a;
- Dekri nenpòt lòt chwa ekip Pwogram Edikasyon Endividalize (IEP) timoun lan te konsidere ak rezon ki fè chwa sa yo te rejte; ak
- Bay yon deskripsyon lòt rezon ki fè ajans piblik la pwopoze oswa refize aksyon an.

KONSANTMAN

IEP ak IFSP

34 C.F.R. § 300.300 ak 34 C.F.R. § 303.420

Konsantman paran an:

Yon ajans piblik dwe jwenn konsantman paran yo pou evalye yon timoun ni pou entèkansyon bonè ni pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, e anvan yo bay entèkansyon bonè ak edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa. Paran yo gen dwa pou yo retire konsantman yo nenpòt ki lè. Gen kèk eksepsyon nan bay konsantman pou evalyasyon an.

Konsantman vle di paran yo:

- Yo te enfòmè konplètman sou tout enfòmasyon ki gen rapò ak aktivite a yo te bezwen konsantman pou li a, nan lang natif natal yo oswa lòt metòd komunikasyon;

- Konprann ak dakò alekri nan egzekisyon aktivite a yo bezwen konsantman an e konsantman an dekri aktivite ak lis dosye yo (si genyen) ki pral soti ak pou ki moun; ak
- Konprann konsantman an volontè epi yo ka anile li nenpòt ki lè.

Si paran yo anile konsantman an, li pa anile yon aksyon ki te fèt ant lè ajans piblik la te resevwa konsantman an ak anvan yo te retire li.

Si paran an retire konsantman an, alekri, pou pitit yo resevwa sèvis edikasyon espesyal apre yo fin bay timoun nan premye edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, ajans piblik la pa oblije amande dosye edikasyon timoun nan pou retire nenpòt referans a resi edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye pou timoun nan akoz yo te anile konsantman an.

IEP – PATI B

Konsantman paran pou premye evalyasyon:

Yon ajans piblik dwe jwenn konsantman paran yo anvan yo fè yon premye evalyasyon pou yon timoun pou detèmine si timoun nan kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, epi anvan yo bay edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa.⁽¹⁾ Anvan yon ajans piblik kapab fè yon premye evalyasyon pou yon timoun pou detèmine si timoun nan kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye, ajans piblik la dwe:

- Bay paran yo avi alekri alavans sou aksyon yo pwopoze a; epi
- Jwenn konsantman paran an bay avan yo fè yon premye evalyasyon; ak
- Dwe bay paran an yon kopi avi sou garanti pwosedè a anplis avi alekri alavans la.

Ajans piblik la dwe fè efò ki rezonab pou jwenn konsantman pou premye evalyasyon pou deside si timoun nan se yon timoun ki gen yon andikap ki egzije pou yo ba li edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo. Si paran yon timoun ki enskri nan lekòl piblik oswa k ap chèche enskri nan lekòl piblik pa bay konsantman pou premye evalyasyon an oswa paran an pa reponn ak yon demann pou bay konsantman li, ajans piblik la ka, men li pa oblije, pouswiv premye evalyasyon timoun nan ak itilizasyon garanti pwosedè yo diskite pi lwen nan dokiman sa a, tankou medyasyon oswa yon plent pou pwosè nòmal.⁽²⁾

Si yon paran yon timoun ki lekòl lakay li oswa yo mete nan yon lekòl prive ak pwòp lajan pa yo pa bay konsantman pou evalyasyon inisyal la oswa re-evalyasyon an, oswa paran an bliye reponn a yon demann pou bay konsantman, ajans piblik la pa dwe itilize pwosedè anilasyon konsantman ki dekri anwo a.⁽³⁾

Konsantman yon paran pou premye evalyasyon an pa vle di paran an bay konsantman li tou pou ajans piblik la kòmanse bay entèvansyon bonè oswa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo ak pitit yo.

Règleman espesyal pou premye evalyasyon pwoteje leta yo:

Si yon timoun se yon pwoteje leta epi li p ap viv avèk paran li, ajans piblik la pa bezwen konsantman paran yo pou yon premye evalyasyon pou detèmine si timoun nan se yon

(1) 34 CFR § 300.300(a).

(2) 34 CFR § 300.300(a)(3)(i).

(3) 34 CFR § 300.300(d)(4)(i-ii).
Revizyon Me 2021_FINAL Efektif
apati 1ye Jiyè 2021

timoun.

ki gen yon andikap si:

- Malgre efò rezonab pou fè sa a, ajans piblik la pa ka jwenn paran timoun nan;
- Dwa paran yo te sispann an akò avèk lwa leta a; oswa
- Yon jij te asiye dwa pou pran desizyon pou edikasyon epi konsantman pou yon premye evalyasyon nan men yon moun ki pa paran an.

Konsantman paran an pou sèvis yo:

Yon ajans piblik dwe jwenn konsantman anvan yo bay yon timoun edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa. Yon ajans piblik pa dwe itilize medyasyon oswa pwosedi pwosè nòmal pou jwenn yon akò oswa yon desizyon ki ka bay timoun yo edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo san konsantman paran yo si paran yo:

- Refize bay konsantman pou pitit yo resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo; oswa
- Pa reponn ak yon demann pou bay konsantman pou bay edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa.

Si paran yo refize bay konsantman pou pitit yo resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa, oswa si paran yo pa reponn ak yon demann pou bay konsantman, ajans piblik la:

- Pa vyole kondisyon pou fè yon edikasyon piblik apwopriye (FAPE) gratis disponib pou pitit yo; epi
- Pa oblije gen yon reyinyon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) oswa devlope yon IEP pou pitit yo.

Anilasyon konsantman paran an pou sèvis yo:

Si yon paran yon timoun anile konsantman li alekri pou yo kontinye founi edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, nenpòt ki lè apre ajans piblik la kòmanse livrezon inisyal edikasyon espesyal la ak sèvis ki asosye yo, ajans piblik la:

- Pa oblije amande dosye edikasyon timoun nan pou retire okenn referans pou timoun nan resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo paske yo te anile konsantman an;
- Pa ka kontinye bay edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo ak timoun nan, men yo dwe bay paran an avi alekri alavans nan demann alekri paran yo pou sispann tout edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, anvan yo sispann livrezon edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo;
- Pa gen dwa sèvi ak medyasyon oswa pwosè nòmal pou jwenn akò oswa yon desizyon ki ka bay timoun yo sèvis yo;
- Yo p ap konsidere sa a tankou yon vyolasyon kondisyon pou mete FAPE disponib pou timoun nan paske yo pa bay timoun nan edikasyon espesyal konplemantè ak sèvis ki asosye yo; ak
- Pa oblije konvoke yon reyinyon Ekip IEP oswa devlope yon IEP pou timoun nan pou plis livrezon edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo.

Anilasyon yon konsantman pa anile yon aksyon ki te fèt ant lè ajans piblik la te resevwa konsantman ak anvan anilasyon konsantman an.

Konsantman paran pou reevalyasyon sèlman timoun ak jèn IEP

yo:

Yon ajans piblik dwe jwenn konsantman anvan li fè yon reevalyasyon yon timoun, sof si ajans piblik la ka demontre:

- Li te swiv etap ki rezonab pou jwenn konsantman paran yo pou reevalyasyon; epi
- Paran an pa reponn.

Si paran yo refize bay konsantman yo pou nouvo evalyasyon, ajans piblik la ka, men li pa oblije, chèche pase sou desizyon refi paran an lè l sèvi avèk medyasyon oswa pwosedè pwosè nòminal pou defye desizyon paran an pou li pa bay konsantman. Menm jan ak premye evalyasyon an, ajans piblik la pa vyole obligasyon li yo dapre IDEA si li refize pouswiv ak nouvo evalyasyon yo.

Dokimantasyon jefò ki rezonab pou jwenn konsantman paran yo:

Yon ajans piblik dwe kenbe dokiman jefò ki rezonab pou jwenn konsantman paran yo pou premye evalyasyon yo, pou bay edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa, pou reevalyasyon yo epi pou lokalize paran pwoteje leta yo pou premye evalyasyon yo. Dokimantasyon an dwe gen ladan yon dosye sou tantativ ajans piblik la pou jwenn konsantman paran an, tankou:

- Dosye detaye sou apèl telefòn yo te fè oswa eseye ak rezilta apèl sa yo;
- Kopi korespondans yo te voye bay paran yo ak nenpòt repons ou te resevwa; ak

Dosye detaye sou vizit yo te fè lakay paran an oswa kote y ap travay ak rezilta vizit sa yo.

- Dosye detaye sou vizit yo te fè lakay paran an oswa kote y ap travay ak rezilta vizit sa yo.

Lòt kondisyon pou konsantman

Konsantman paran yo pa obligatwa anvan yon ajans piblik:

- Revize done ki egziste deja yo kòm yon pati nan premye evalyasyon oswa reevalyasyon pitit ou a; oswa
- Bay pitit ou a yon tès oswa lòt evalyasyon yo bay tout timoun yo sof si, anvan tès sa a oswa evalyasyon sa a, yo egzije konsantman tout paran tout timoun yo.

Ajans piblik la pa ka itilize konsantman yon paran refize bay pou li refize paran an oswa timoun nan nenpòt lòt sèvis, benefis oswa aktivite.

Si yon paran fè pitit li swiv lekòl lakay li oswa li enskri l nan yon lekòl prive ak pwòp lajan nan pòch li, yon ajans piblik pa ka itilize medyasyon oswa pwosedè pwosè nòminal pou anile konsantman an, epi ajans piblik la pa oblije konsidere timoun lan kalifye pou sèvis yo selon 34 C.F.R. §§ 300.132-300.144, si:

- Paran an pa bay konsantman pou premye evalyasyon oswa reevalyasyon pitit yo; oswa
- Paran an pa reponn ak yon demann pou bay konsantman.

Anplis aksyon IDEA egzije pou konsantman paran yo (premye evalyasyon, premye dispozisyon pou sèvis ak reevalyasyon), lalwa leta Maryland egzije pou yon ekip IEP dwe jwenn konsantman alekri yon paran si ekip la pwopoze pou:

- Enskri timoun nan nan yon pwogram edikasyon altènatif ki pa bay oswa ofri kredi pou yon diplòm lekòl segondè Maryland;
- Idantifye timoun nan pou evalyasyon edikasyon altènatif ki aliye avèk pwogram altènatif leta a; oswa
- Mete kontrent oswa izolasyon nan IEP pou trete konpòtman timoun nan jan sa a dekri nan COMAR 13A.08.04.05.

Si paran an pa bay konsantman alekri pou nenpòt nan aksyon yo pwopoze nan pati ki anwo a, ekip IEP a dwe voye bay paran an yon avi alekri sou dwa konsantman yo pa pi ta pase senk (5) jou ouvrab apre reyinyon ekip IEP a pou enfòmasyon yo:

- Paran an gen dwa swa pou l bay konsantman oswa refize bay konsantman pou aksyon yo pwopoze a; epi
- Si paran an pa bay konsantman alekri oswa yon refi alekri nan lespas kenz (15) jou ouvrab apre reyinyon ekip IEP a, ekip IEP a ka aplike aksyon yo pwopoze a.

Si paran an refize bay konsantman l nan nenpòt nan aksyon yo pwopoze nan pati ki anwo a, ajans piblik la ka itilize opsyon rezolisyon dispit yo mansyone nan Atik Edikasyon §8-413 (medyasyon oswa pwosè nòminal) pou rezoud pwoblèm lan.

IFSP – PATI C

Konsantman paran pou sèvis atravè yon IFSP:

Paran yo dwe bay konsantman alekri yo anvan:

- Tout depistaj, evalyasyon ak tès timoun lan ak fanmi an
- Kòmanse dispozisyon pou sèvis entèvansyon bonè a ak evalyasyon adisyonèl yo
- Si yo pa bay konsantman alekri a, ajans lokal ki responsab la dwe fè jefò ki rezonab pou rasire paran an:
 - Konplètman okouran sou kalite evalyasyon an ak tès oswa sèvis ki pral disponib yo; epi
 - Konprann timoun nan p ap kapab resevwa evalyasyon ak tès la oswa sèvis yo sof si yo bay konsantman alekri a.

Paran yo toujou gen dwa pou refize sèvis yo:

Yon paran yon timoun ki kalifye ka detèmine si yo menm, pitit yo oswa lòt manm fanmi yo ap aksepte oswa refize nenpòt sèvis entèvansyon bonè epi yo ka refize sèvis sa a apre yo aksepte li pou premye fwa san yo pa mete an danje lòt sèvis entèvansyon bonè yo. Si yon paran chwazi kontinye sèvis entèvansyon bonè pou yon timoun ki gen twa lane oswa plis atravè yon IFSP pwolonje, yo dwe mete yon eleman edikasyonèl ladan li. Si paran an pa vle eleman edikasyonèl la, yo pa kalifye pou resevwa sèvis entèvansyon bonè yo.

Konsantman paran pou tès oswa evalyasyon adisyonèl

Yon ajans piblik dwe jwenn konsantman anvan li fè plis evalyasyon endividyalize ak tès pou yon timoun. Si yon paran pa bay konsantman li, ajans ki responsab la dwe fè jefò ki rezonab pou rasire paran an:

- Konplètman okouran sou kalite evalyasyon an ak tès ki ta disponib yo; epi
- Konprann timoun nan p ap kapab resevwa evalyasyon ak tès la sof si yo bay

konsantman alekri a.

Si paran yo refize konsantman pou evalyasyon oswa tès adisyonèl, ajans piblik la pa ka itilize pwosedè pwosè nòmal yo pou defye desizyon paran an ki refize bay konsantman li.

EVALYASYON EDIKASYON ENDEPANDAN

IEP sèlman

34 C.F.R. § 300.502

Si yon paran pa dakò ak yon evalyasyon ajans piblik la reyalize, paran an gen dwa pou fè yon moun ki pa travay pou ajans piblik la evalye timoun nan.

Se sèlman paran yon timoun ki gen yon andikap selon Pati B a ki gen dwa pou yon evalyasyon apa.

Definisyon

- Evalyasyon edikasyon endepandan vle di yon evalyasyon ki fèt pa pèsonèl ki vrèman kalifye ki pa anplwaye nan ajans piblik ki responsab pou edikasyon timoun nan; epi
- Depans sou kont leta vle di ajans piblik la swa peye konplè pri evalyasyon an oswa asire yo bay evalyasyon an yon lòt fason gratis pou paran yo.

Paran yo gen dwa pou yo jwenn yon evalyasyon edikasyon endepandan pitit yo selon IDEA a ki gen pou wè ak pwosedè yo bay anba yo. Ajans piblik la dwe bay paran yo, sou demann pou yon evalyasyon edikasyon endepandan, enfòmasyon sou:

- Ki kote yo ka jwenn yon evalyasyon edikasyon endepandan; ak
- Kritè ajans piblik la ki aplikab pou yon evalyasyon edikasyon endepandan.

Kritè ajans piblik yo:

Lè yon evalyasyon edikasyon endepandan sou kont leta, kritè yo konsidere pou jwenn evalyasyon edikasyon endepandan an, ki gen ladan kote evalyasyon an ak kalifikasyon egzaminatè a, dwe menm ak kritè yon ajans piblik itilize lè li kòmanse yon evalyasyon, nan mezi kritè sa yo konpatib avèk dwa yon paran genyen pou yon evalyasyon edikasyon endepandan. Eksepte kritè yo dekri anwo yo, yon ajans piblik pa ka enpoze kondisyon oswa delè ki gen rapò ak jwenn yon evalyasyon edikasyon endepandan sou kont leta.

Dwa yon paran pou evalyasyon sou kont leta:

Paran yo gen dwa ak yon sèl evalyasyon edikasyon endepandan sou kont leta chak fwa ajans piblik la ap fè yon evalyasyon si :

- Paran yo pa dakò ak yon evalyasyon ajans piblik la jwenn. ⁽⁴⁾
- Paran yo soumèt yon demann alekri bay ajans piblik la pou yon evalyasyon edikasyon ajans piblik la responsab pou li fè, epi ajans piblik la:
 - Pa reponn demann lan nan 30 jou; oswa
 - Apwouve demann lan men reyinyon an pa fèt san se pa akòz paran yo, nan:
 - Swasant (60) jou apre dat ajans lan te resevwa demann lan; oswa
 - Si Eta a anba yon Eta dijans Gouvènè a te pwoklame, katrevendis (90) jou apre dat ajans lan te resevwa demann lan.

Si paran yo mande yon evalyasyon edikasyon endepandan, yon ajans piblik ka mande paran yo poukisa paran yo kont evalyasyon piblik la. Sepandan, eksplikasyon paran an

pa obligatwa epi ajans piblik la pa ka retade san rezon swa pou bay evalyasyon edikasyon endepandan sou kont leta a oswa kòmmanse yon odyans pwosè nòminal pou defann evalyasyon ajans piblik la.

Evalyasyon paran an kòmmanse:

Paran yo toujou gen dwa pou yo jwenn yon evalyasyon edikasyon endepandan nan men pwofesyonèl kalifye yo chwazi, ak pwòp lajan yo. Ajans piblik la ak ekip IEP a dwe konsidere rezilta evalyasyon paran yo te kòmmanse yo, gade si yo satisfè kritè ajans piblik la, lè y ap pran nennèt desizyon konsènan dispozisyon FAPE bay timoun nan. Yo ka prezante rezilta evalyasyon paran an te kòmmanse a tou kòm prèv nan yon odyans pwosè nòminal konsènan timoun nan.⁽⁴⁾

Demann pou yon evalyasyon pa yon jij dwa administratif (ALJ, *an anglè*)

Si yon Jij Dwa Administratif (ALJ, *an anglè*) ki nan Biwo Odyans Administratif (OAH, *an anglè*) mande yon evalyasyon edikasyon endepandan kòm yon pati nan yon odyans pwosè nòminal, pri evalyasyon an dwe sou kont leta.

PARAN RANPLASAN **IEP ak IESP** **34 C.F.R. § 300.519 ak § 303.422**

Ajans lokal ki responsab la, sistèm lekòl lokal la oswa nan kèk ka yon jij, ka chwazi yon paran ranplasan pou reprezante yon timoun ki kalifye si:

- Yo pa ka idantifye paran an;
- Ajans piblik la, apre jefò ki rezonab, pa ka jwenn paran timoun nan; oswa
- Timoun nan se yon pwoteje leta Maryland.
- Ajans responsab la dwe fè jefò ki rezonab pou asire plasman yon paran ranplasan pa plis pase 30 jou apre yon ajans piblik detèmine timoun nan bezwen yon paran ranplasan.

Kritè pou paran ranplasan:

- Pa gen konfli ak enterè timoun nan
- Gen konesans ak ladrès ki asire bon jan reprezantasyon timoun lan
- Pa yon anplwaye nan leta a oswa yon anplwaye nan nennèt ki founisè sèvis ki enplike nan dispozisyon pou entèvansyon bonè a oswa lòt sèvis pou timoun nan oswa fanmi timoun nan

Yon fwa yo nonmen li kòm yon paran ranplasan, paran ranplasan an gen menm dwa ak yon paran pou tout neseseite.

- Yo p ap konsidere paran ranplasan an kòm yon anplwaye ajans la sèlman paske yon ajans piblik peye yo pou yo vin yon paran ranplasan.

Ajans lokal ki responsab la oswa sistèm lekòl lokal la dwe notifiye Sipèntandan Leta Lekòl yo oswa reprezantan Sipèntandan an sou randevou paran ranplasan an. Yon paran ranplasan

(4) 34 CFR § 303.502(c).
Revizyon Me 2021_FINAL Efektif
apati 1ye Jiyè 2021

ka reprezante yon timoun nan tout zafè ki gen rapò ak:

- Evalyasyon ak tèz timoun nan;
- Devlopman ak aplikasyon IFSP timoun lan, ki gen ladan evalyasyon anyèl ak revizyon peryodik;
- Devlopman, rezime ak revizyon IEP yon timoun;
- Founi nèt ale sèvis entèvansyon bonè pou timoun nan ak fanmi li atravè IFSP; oswa
- Founi edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo ak yon timoun atravè IEP a.

KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON **IEP ak IFSP**

34 C.F.R. §§ 300.610-627 ak 34 C.F.R. §§ 303.401-417

Paran yo gen dwa pou yo revize dosye pitit yo epi mande ajans piblik la pou korije dosye pitit yo si yo panse dosye a pa kòrèk. Yo dwe jwenn konsantman paran yo anvan yo divilge enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman, men konsantman w pa obligatwa nan kèk sikonstans, jan sa a dekri anba a. Paran yo gen dwa pou yo atann ajans piblik la kenbe entèvansyon bonè oswa dosye edikasyon pitit yo a konfidansyèl epi mande ajans piblik la pou detwi enfòmasyon edikasyon pitit yo lè sa a pa nesèsè ankò pou bay entèvansyon bonè oswa sèvis edikasyon yo.

Definisyon

Destriksyon vle di destriksyon fizik oswa retire idantifyan pèsònèl nan enfòmasyon pou yo pa kapab idantifye pèsònèlman enfòmasyon an ankò.

Dosye edikasyon yo vle di ki kalite dosye ki kouvri anba definisyon "dosye edikasyon" nan 34 C.F.R. Pati 99 (règleman ki aplike Dwa Edikasyon Fanmi ak Lwa sou Konfidansyalite [FERPA] 1974).

Dosye entèvansyon bonè vle di tout dosye konsènan yon timoun yo oblije kolekte, konsève oswa itilize anba Pati C IDEA a ak règleman ki nan Pati sa a.

Ajans k ap patisipe vle di nenpòt ajans oswa enstitisyon k ap kolekte, kenbe oswa itilize enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman oswa yo jwenn enfòmasyon yo selon Pati B IDEA a. Selon Pati C, yon ajans k ap patisipe gen ladan ajans responsab la ak founisè sèvis entèvansyon bonè a ak nenpòt moun oswa antite ki bay nenpòt sèvis entèvansyon bonè. Li pa enkli sous rekòmandasyon prensipal yo oswa ajans piblik yo (tankou Medicaid leta a oswa pwogram CHIP la) oswa antite prive (tankou konpayi asirans prive) ki aji sèlman kòm sous finansman pou sèvis nan Pati C.

Enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman gen ladan:

- Non timoun nan, paran timoun nan oswa lòt manm fanmi an;
- Adrès timoun nan;
- Yon idantifyan pèsònèl, tankou nimewo sekirite sosyal timoun nan; oswa
- Yon lis karakteristik pèsònèl oswa lòt enfòmasyon ki ta fè li posib pou idantifye timoun nan san erè.

Pou timoun ki te sèvi pa yon IFSP, enfòmasyon ki idantifye l pèsònèlman yo gen ladan tou:

- Idantifyan endirèk, tankou dat nesans timoun nan, kote li fèt ak non jenn fi

manman an;

- Lòt enfòmasyon ki, pou kont yo oswa nan konbinezon, lye ak yon timoun espesifik ki ta pèmèt yon moun ki rezonab nan kominote sèvis entèvansyon bonè yo, ki pa gen konesans pèsònèl nan sikonstans ki enpòtan yo, pou idantifye timoun nan san erè; oswa
- Enfòmasyon yo bay yon moun ajans edikasyonèl oswa enstitisyon an vrèman kwè li konnen idantite elèv la epi ak ki moun dosye edikasyon an gen rapò.

Garanti:

Chak ajans k ap patisipe dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman nan etap koleksyon, depo, divilgasyon ak destriksyon. Yon ofisyèl nan yon ajans piblik responsab pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman yo. Anplis egzijans garanti pwosedè sa yo, lwa ak règleman federal ak leta manevre pwoteksyon dosye edikasyonèl yo tou. Tout pèsònèl ajans piblik ki kolekte oswa itilize enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman dwe resevwa fòmasyon konsènan règleman ak pwosedè leta a sou konfidansyalite enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman. Chak ajans k ap patisipe dwe kenbe, pou enspeksyon piblik, yon lis aktyèl sou non ak pozisyon anplwaye sa yo nan ajans lan ki ka gen aksè a enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman.

Konsantman:

Yo dwe jwenn konsantman paran yo anvan yo divilge enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman yo bay pati yo, apa ofisyèl ajans k ap patisipe yo nan bi pou satisfè yon kondisyon nan Pati B, sof si enfòmasyon yo nan dosye edikasyon yo epi yo divilge otorizasyon an san konsantman paran yo selon 34 C.F.R. Pati 99. Ajans piblik la dwe jwenn konsantman paran an oswa konsantman yon timoun ki kalifye ki te gen 18 lane pou pi piti selon lalwa leta a, anvan yo bay ofisyèl ajans k ap patisipe yo enfòmasyon pèsònèl ki idantifye moun pandan l ap bay oswa peye pou sèvis tranzisyon yo selon Pati B IDEA (IEP); epi si yon timoun enskri oswa pral enskri nan yon lekòl prive ki pa lokalize nan distri lekòl kote paran yo rete a, yo dwe jwenn konsantman paran yo anvan nenpòt enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman sou timoun, sa a vle di li dwe divilge ant ofisyèl nan edikasyon lokal la (LEA) kote lekòl prive a ye ak ofisyèl nan LEA kote paran an rete a.⁽⁵⁾

MSDE te devlope règleman ak pwosedè pou ajans piblik yo, ki gen ladan sanksyon Leta itilize pou asire yo swiv règleman ak pwosedè li yo epi yo respekte kondisyon pou konfidansyalite, an akò ak IDEA ak FERPA. Si yon òganizasyon oswa yon moun kwè yon ajans piblik te vyole kondisyon konfidansyalite selon IDEA, yo ka ranpli yon plent leta pou rezoud pwoblèm lan.

Chak ajans piblik oblije gen pwosedè an plas pou kijan yo bay yon avi ki valab pou enfòmè paran yo nèt sou kondisyon konfidansyalite enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman tankou yon:

- Deskripsyon nan ki limit yo bay avi a nan lang natif natal pou diferan gwoup popilasyon nan leta a;
- Deskripsyon timoun yo konsève enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman, ak ki kalite enfòmasyon y ap chache;
- Rezime règleman ak pwosedè ajans k ap patisipe yo dwe swiv konsènan depo,

(5) 34 CFR § 300.622.
Revizyon Me 2021_FINAL Efektif
apati 1ye Jiyè 2021

divilgasyon bay yon lòt enstitisyon, retansyon ak destriksyon enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman;

- Deskripsyon règleman ak pwosedri yo itilize si yon paran refize bay konsantman; epi
- Deskripsyon tout dwa paran yo ak timoun yo konsènan enfòmasyon sa a, ki gen ladan dwa yo genyen selon FERPA ak aplikasyon règleman yo nan 34 C.F.R. Pati 99.

Anvan nenpòt gwo idantifikasyon, lokalizasyon oswa aktivite evalyasyon, yo dwe pibliye oswa anonse avi a nan jounal oswa lòt medya, oswa toulede, ak sikilasyon ki valab pou notifiye paran yo nan tout jiridiksyon aktivite a.

Anplis sa a, yo pa ka divilge enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman bay nenpòt lòt moun pase ofisyèl ajans k ap patisipe yo nan kolekte oswa nan itilize enfòmasyon selon IDEA a, oswa pou nenpòt ki lòt rezon ki plis pase satisfè kondisyon pou bay yon timoun ki gen yon andikap FAPE oswa sèvis entèvansyon bonè selon IDEA a. Pandan tranzisyon ant entèvansyon bonè ak sèvis preskolè, ajans ki responsab la ap bay MSDE ak sistèm lekòl lokal la notifikasyon timoun nan ka kalifye pou sèvis edikasyon espesyal jan sa a obligatwa nan 34 C.F.R. § 303.209(b)(1)(i). Notifikasyon sa a ap gen ladan non timoun nan, dat nesans li ak enfòmasyon pou kontakte paran jan sa a obligatwa nan 34 C.F.R. § 303.209(b)(1) ak § 303.401. Divilgasyon ki mansyone nan rekòmandasyon ak aksyon otorite lapolis ak lajistis konsènan deklarasyon yon krim yon timoun ki gen yon andikap komèt pa bezwen konsantman paran si transmisyon an otorize pa FERPA.

Dwa ak aksè:

Pou timoun ak fanmi k ap resevwa sèvis entèvansyon bonè, ajans lokal ki responsab la dwe bay paran yo yon premye kopi dosye entèvansyon bonè pitit yo a gratis. Ajans lokal ki responsab la dwe bay paran yo gratis, yon kopi pou chak evalyasyon, tès timoun lan, evalyasyon fanmi ak IFSP pi vit posib apre chak reyinyon IFSP. Chak ajans piblik dwe pèmèt paran yo enspekte epi revize nenpòt dosye edikasyon ki gen rapò ak pitit yo ajans piblik la kolekte, konsève oswa itilize konsènan idantifikasyon, evalyasyon ak plasman edikasyon pitit yo, devlopman ak aplikasyon IFSP la ansanm ak dispozisyon pou FAPE. Pou timoun ak fanmi k ap resevwa sèvis atravè yon IFSP, ajans lokal ki responsab la dwe konfòme li avèk yon demann san okenn reta ki pa nesèsè epi anvan nenpòt reyinyon konsènan yon IFSP, oswa nenpòt odyans pwosè nòmal, epi nan okenn ka, pa plis pase 10 jou apre demann lan.

Pou timoun k ap resevwa sèvis atravè yon IEP, ajans piblik la dwe konfòme li avèk yon demann san okenn reta ki pa nesèsè epi anvan nenpòt reyinyon konsènan yon IEP, oswa nenpòt odyans pwosè nòmal oswa sesyon rezolisyon, epi nan okenn ka, pa plis pase 45 jou apre demann lan. Dwa yon paran pou enspekte epi revize dosye edikasyon nan seksyon sa a gen ladan dwa paran an pou:

- Yon repons ajans piblik la bay ak demann ki rezonab pou eksplikasyon ak entèpretasyon dosye yo;
- Mande pou ajans piblik la bay kopi dosye a si pa bay kopi sa ta anpeche paran an egzèsè dwa pou enspekte ak revize dosye yo; ak
- Fè reprezantan paran an enspekte epi revize dosye yo.

Yon ajans piblik ka sipoze paran yo gen otorite pou enspekte epi revize dosye ki gen rapò ak pitit yo sof si ajans piblik la te avize yon paran pa gen otorite selon lalwa leta ki aplikab ki jere bagay sa yo tankou responsablite timoun, separasyon ak divòs.

Dosye aksè:

Chak ajans piblik dwe kenbe yon dosye sou moun, ki pa paran oswa anplwaye otorize nan ajans piblik la, pou jwenn aksè nan dosye edikasyon yo kolekte, konsève oswa itilize selon Pati C oswa Pati B IDEA a, ki gen ladan non moun nan, dat yo te bay aksè a ak objektif ki fè moun nan otorize pou sèvi ak dosye yo. Si nenpòt dosye edikasyon gen ladan enfòmasyon sou plis pase yon timoun, paran timoun sa yo gen dwa pou enspekte epi revize sèlman enfòmasyon ki gen rapò ak pitit yo oswa pou yo enfòmasyon yo sou enfòmasyon espesifik sa yo. Chak ajans piblik dwe bay paran yo, sou demann, yon lis ki kalite ak kote dosye edikasyon ajans piblik la kolekte, konsève oswa itilize. Chak ajans piblik ka touche yon frè pou kopi dosye edikasyon ki fèt pou paran yo si frè a pa efektivman anpeche paran yo egzèse dwa yo pou enspekte epi revize dosye sa yo. Yon ajans piblik pa ka fè yon moun peye yon frè pou chèche oswa rekipere enfòmasyon nan dosye edikasyon yo.

Modifikasyon dosye yo sou demann paran yo:

Si yon paran kwè enfòmasyon ki nan dosye edikasyon yo kolekte, konsève oswa itilize selon IDEA yo pa kòrèk oswa gen erè oswa yo vyole vi prive oswa lòt dwa pitit yo genyen, paran an ka mande ajans piblik ki gen enfòmasyon yo modifiye enfòmasyon an. Ajans piblik la dwe deside si li ap modifiye enfòmasyon an selon demann paran an nan yon peryòd tan ki rezonab pou li resevwa demann lan. Si ajans piblik la refize modifiye enfòmasyon yo an akò avèk demann lan, li dwe enfòmasyon paran an li refize modifikasyon an epi avize paran yo sou dwa yo genyen pou yon odyans pou konteste enfòmasyon ki nan dosye edikasyon yo. Yon odyans ki fèt pou konteste enfòmasyon nan dosye edikasyon yo dwe fèt an akò avèk pwosedri FERPA jan yo ye nan 34 C.F.R. §99.22.

Ajans piblik la, sou demann, dwe bay paran an yon opòtinite pou yon odyans pou konteste enfòmasyon nan dosye edikasyon pou asire enfòmasyon yo pa kòrèk, yo gen erè oswa yo vyole vi prive oswa lòt dwa pitit ou a. Si, kòm yon rezilta nan odyans la, ajans piblik la deside enfòmasyon yo pa kòrèk oswa yo gen erè oswa yo vyole vi prive oswa lòt dwa timoun nan genyen, ajans piblik la dwe modifiye enfòmasyon yo byen epi enfòmasyon paran an modifikasyon an alekri. Si, kòm yon rezilta nan odyans la, ajans piblik la deside enfòmasyon yo pa kòrèk oswa yo gen erè oswa yo vyole vi prive oswa lòt dwa timoun nan genyen, li dwe enfòmasyon paran an dwa li genyen pou mete nan dosye li kenbe sou pitit yo, yon deklarasyon ki gen kòmantè sou enfòmasyon yo oswa ki tabli nenpòt rezon pou yo pa dakò ak desizyon ajans piblik la.

Nenpòt eksplikasyon yo mete nan dosye pitit ou a dwe:

- Konsève pa ajans piblik la kòm yon pati nan dosye timoun nan toutotan ajans piblik la kenbe dosye a oswa pòsyon yo konteste a; epi
- Divilge eksplikasyon an bay nenpòt pati ki mande yon kopi dosye timoun nan oswa pòsyon yo konteste a.

Pwosedri pou destriksyon enfòmasyon

Ajans piblik la oblije enfòmasyon paran yo lè enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman yo

kolekte, konsève oswa yo itilize yo selon IDEA a pa nesèsè ankò pou bay entèvansyon bonè oswa sèvis edikasyon pou pitit yo. Yo dwe detwi enfòmasyon yo sou demann paran yo.

Sepandan, pou elèv k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal selon Pati B a, yon dosye pèmanan nan non timoun lan, adrès ak nimewo telefòn, nòt timoun nan, dosye prezans li, klas li te ale yo, nivo klas li te pase ak ane yo te pase yo ka konsève san okenn delè. Menm jan an tou, pou timoun k ap resevwa sèvis entèvansyon bonè dapre Pati C, yon dosye pèmanan nan non yon timoun, dat nesans, enfòmasyon pou kontakte paran yo (ki gen ladan adrès ak nimewo telefòn), non kowòdonatè sèvis yo ak founisè EIS yo, ak done sòti (ki gen ladan ane ak laj lè yo t ap sòti a ak nenpòt pwogram yo te antre lè yo t ap sòti) ka konsève san okenn delè.

Dwa timoun:

Selon règleman pou FERPA yo, dwa paran yo konsènan transfè dosye edikasyon yon timoun pou timoun nan yon fwa li gen 18 lane, sof si andikap timoun nan fè l enkonpetan dapre lalwa leta a. Si dwa paran yo dapre Pati B IDEA a transfere bay timoun ki gen pou pi piti 18 lane, yo dwe transfere tou bay timoun nan kondisyon konfidansyalite IDEA yo. Sepandan, ajans piblik la dwe bay paran an ak timoun nan nenpòt avi IDEA mande. Tanpri gade nan "Transfè Dwa Paran yo lè timoun nan gen pou pi piti 18 lane" pou plis enfòmasyon espesifik.

Enfòmasyon sou disiplin:

Yon ajans piblik ka gen nan dosye yon timoun yon deklarasyon sou nenpòt ki aksyon disiplinè aktyèl oswa anvan ki te pran kont timoun nan epi transmèt enfòmasyon disiplin la; menm jan tou enfòmasyon disiplinè yo nan dosye timoun ki pa gen andikap yo epi yo transmèt. Deklarasyon an ka gen ladan yon deskripsyon nenpòt konpòtman timoun nan te angaje li ki te mande yon aksyon disiplinè, yon deskripsyon aksyon disiplinè yo te pran ak nenpòt lòt enfòmasyon ki enpòtan pou sekirite timoun nan ak lòt moun ki responsab pou timoun nan. Si yo transfere timoun nan soti nan yon lekòl ale nan yon lòt, transmisyon nan nenpòt nan dosye timoun nan dwe gen ladan ni IEP aktyèl timoun nan ak nenpòt ki deklarasyon sou aksyon disiplinè aktyèl oswa yo te pran anvan kont timoun nan.

DISIPLIN TIMOUN KI GEN ANDIKAP YO

IEP

34 C.F.R. §§ 300.530 -300.536

Enfòmasyon ki anba a aplike pou timoun ki gen andikap, ki gen 3 lane jiska 21 lane k ap resevwa sèvis atravè yon IFSP pwolonje oswa yon IEP.

Paran yo gen dwa ak pwosedri espesifik ak pwoteksyon si ajans piblik la pran kèk aksyon disiplinè kont pitit yo. Jan sa a mansyone nan 34 C.F.R. § 300.530 (d), yon ajans piblik dwe bay yon sèvis edikasyon pou timoun apre yo fin retire timoun nan pou plis pase 10 jou lekòl nan yon ane lekòl pou yon vyolasyon nan kòd konduit elèv yo.

Definisyon

Pou rezon ki gen rapò ak pati sa a, definisyon sa yo aplike:

- Sibstans ki sou kontwòl vle di yon dwòg oswa lòt sibstans yo idantifye nan anèks I, II, III, IV oswa V nan seksyon 202(c) nan Lalwa sou Sibstans ki sou kontwòl yo (21 U.S.C. 812(c)).

- Dwòg ilegal vle di yon sibstans ki sou kontwòl, men li pa enkli yon sibstans yon moun posede legalman oswa yon sibstans y ap itilize anba sipèvizyon yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans oswa ki gen dwa pou posede l legalman oswa yo itilize anba nenpòt lòt otorite, anba IDEA a oswa anba nenpòt lòt dispozisyon lalwa federal.
- Zam gen siyifikasyon yo bay tèm "zam danjere" nan paragraf (2) nan premye souseksyon (g) nan seksyon 930 nan tit 18, Kòd Etazini.
- Blesi grav nan kò a gen siyifikasyon yo bay tèm "blesi nan kò grav" nan paragraf (3) nan souseksyon (h) nan seksyon 1365 nan tit 18, Kòd Etazini.

Otorite pèsònèl lekòl la:

Pèsònèl lekòl la ka konsidere nenpòt sikonstans inik sou yon baz ka-pa-ka, lè y ap detèmine si yon chanjman nan plasman fèt an akò ak egzijans sa yo ki gen rapò ak disiplin lan, ki apwopriye pou yon timoun ki gen yon andikap ki vyole yon kòd kondwit lekòl la.⁽⁶⁾

Pèsònèl lekòl la ka ranvwaye yon timoun ki gen yon andikap nan plasman li ye kounye a pou mete li nan yon anviwònman edikasyonèl ki apwopriye pou yon ti tan, yon lòt anviwònman oswa sispann timoun sa a pa plis pase 10 jou lekòl pou vyolasyon yon kòd kondwit lekòl la, toutotan yo pran mezi sa yo pou timoun ki pa gen andikap epi pou ranvwa adisyonèl pa plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt nan menm ane lekòl la pou ensidan move kondwit ki pa rive youn apre lòt (toutotan ranvwa sa yo pa yon chanjman nan plasman an dapre §300.536).⁽⁷⁾

Si konpòtman ki te vyole kòd kondwit elèv la pa t yon manifestasyon andikap timoun nan (gade Detèminasyon Manifestasyon ki anba a), epi chanjman disiplinè nan plasman an ta depase 10 jou lekòl youn apre lòt, pèsònèl lekòl la ka aplike pwosedè disiplinè yo bay timoun sa a ki gen yon andikap nan menm fason epi pou menm dire yo t ap fè sa a pou yon timoun ki pa gen andikap, eksepte si lekòl la dwe bay timoun yo sèvis jan sa a dekri anba a nan dispozisyon Sèvis yo.⁽⁸⁾ Ekip IEP timoun nan detèmine anviwònman edikasyon pou yon ti tan pou sèvis sa yo.⁽⁹⁾

Après yo fin ranvwaye yon timoun ki gen yon andikap nan plasman li ye kounye a pou 10 jou lekòl nan menm ane lekòl la, pandan nenpòt jou apre yo te ranvwaye li a, ajans piblik la dwe bay sèvis jiska delè yo egzije nan dispozisyon sèvis ki dekri anba a.⁽¹⁰⁾

An akò avèk règleman disiplin ki obligatwa pou tout timoun yo, yo ka ranvwaye pou mezi disiplinè moun ki nan pwogram pre-jadendanfan piblik yo, jadendanfan, premye klas oswa dezyèm klas yo sèlman si administrasyon lekòl la, an konsiltasyon avèk yon sikològ lekòl la oswa lòt pwofesyonèl sante mantal, detèmine yon menas iminan nan domaj grav sa a ka lakòz nan lòt elèv yo oswa anplwaye entèvansyon ak sipò pa ka redwi oswa elimine. Nan ka sa a, direktè lekòl la oswa administrasyon lekòl la dwe kontakte san pèdi tan paran oswa responsab elèv la. Anplis sa a, yo pa dwe ranvwaye timoun nan pou plis pase senk jou lekòl pou chak

(6) 34 CFR § 300.530(a).

(7) 34 CFR § 300.536 (b)(1).

(8) 34 CFR § 300.530(c).

(9) Id.

(10) 34 CFR § 300.530(b)(2).

ensidan. Timoun nan

pwogram piblik pre-jadendanfan, jadendanfan, premye klas oswa dezyèm klas yo ka ranvwaye selon mezi disiplinè pou karant senk jou lekòl oswa plis jou sèlman lè sa a an akò avèk lalwa federal (COMAR 13A.08.01.11)

Sèvis:

Yon timoun ki gen yon andikap yo ranvwaye nan plasman li ye kounye a pou 10 jou lekòl oswa pi piti jou nan yon ane lekòl sèlman gen dwa ak sèvis yo si ajans piblik la bay sèvis pou yon timoun ki pa gen andikap yo ranvwaye tou.

Yon timoun ki gen yon andikap yo ranvwaye nan plasman li ye kounye a pou plis pase 10 jou lekòl epi konpòtman an se pa yon manifestasyon andikap timoun nan (*gade Detèminasyon Manifestasyon*), oswa yo ranvwaye nan sikonstans espesyal (*gade Sikonstans Espesyal*) dwe:⁽¹¹⁾

1. Kontinye resevwa sèvis edikasyon (gen FAPE disponib), pou pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la, menm si nan yon lòt anviwònman (ki ka yon anviwònman edikasyonèl pwovizwa altènatif) epi pou fè pwogrè pou atenn objektif yo fikse nan IEP timoun nan; epi
2. Resevwa, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, ak sèvis entèvansyon konpòtman ak modifikasyon ki fèt pou trete vyolasyon konpòtman an pou li pa rive ankò.

Après yo fin ranvwaye yon timoun ki gen yon andikap nan plasman li ye kounye a pou 10 jou lekòl nan menm ane lekòl la, epi si ranvwa aktyèl la se pou 10 jou lekòl youn apre lòt oswa pi piti jou epi si ranvwa a pa yon chanjman nan plasman (*gade definisyon anba a*), lè sa a, pèsònèl lekòl la, an konsiltasyon avèk pou pi piti youn nan pwofesè timoun nan, ap detèmine nan ki pwèn sèvis yo bezwen pou pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la,

menm si nan yon lòt anviwònman, epi pou fè pwogrè pou atenn objektif ki tabli nan IEP timoun nan. Si ranvwa elèv la se yon chanjman nan plasman (*gade Chanjman nan plasman akòz ranvwa disiplinè*), Ekip IEP timoun nan ap detèmine sèvis ki apwopriye pou pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la, menm si nan yon lòt anviwònman (ki ka yon anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa), epi pou fè pwogrè pou atenn objektif ki etabli nan IEP timoun nan.

Detèminasyon manifestasyon

Nan lespas 10 jou lekòl pou nenpòt desizyon pou chanje plasman an paske yo te vyole kòd konduit la, paran an ak ekip IFSP timoun nan oswa ekip IEP a dwe revize tout enfòmasyon ki enpòtan nan dosye timoun nan, ki gen ladan IFSP li a oswa IEP li a nenpòt ki obsèvasyon pwofesè yo ak nenpòt enfòmasyon enpòtan paran an bay pou detèmine si konduit yo mansyone a te:

- Koze pa oswa te gen yon relasyon dirèk ak relasyon sibstansyèl ak andikap timoun nan; oswa
- Rezilta dirèk echèk ajans piblik la nan aplikasyon IFSP oswa IEP timoun nan.⁽¹²⁾

(11) 34 CFR § 300.530(d).

(12) 34 CFR § 300.530(e)(1)(i-ii).
Revizyon Me2021_FINAL Efektif apati
1ye Jiyè 2021

Si ekip IEP a detèmine youn nan deklarasyon ki anwo yo aplikab, yo dwe detèmine konduit la kòm yon manifestasyon andikap timoun nan.⁽¹³⁾ Anplis, si ekip IEP a detèmine konduit timoun nan yo mansyone a se te yon rezilta dirèk echèk LEA pou aplike IEP timoun lan, LEA dwe pran mezi imedyat pou repare defisyans sa yo.⁽¹⁴⁾

Si kondwit la se te yon manifestasyon andikap timoun nan, ekip IFSP la oswa ekip IEP a dwe swa:⁽¹⁵⁾

- Fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl epi aplike yon plan entèvansyon konpòtman pou timoun nan, si ajans piblik la pa t deja fè sa a, epi aplike yon plan entèvansyon konpòtman pou timoun nan;
- Revize plan entèvansyon konpòtman timoun nan si li deja gen plan sa a epi modifye li, jan sa a nesèsè pou trete konpòtman an;⁽¹⁶⁾ epi
- Retounen timoun nan nan plasman kote yo te ranvwaye li a, sof si paran yo ak ajans piblik la dakò pou yon chanjman nan plasman an kòm yon pati nan modifikasyon plan entèvansyon konpòtman timoun nan, eksepte lè yo te ranvwaye timoun nan nan yon anviwònman edikasyonèl pou yon ti tan pou dwòg, zam oswa blesi grav nan kò.⁽¹⁷⁾

Sikonstans espesyal:

Pèsonèl lekòl la ka ranvwaye yon timoun nan yon anviwònman edikasyonèl pou yon ti tan jiska 45 jou lekòl san yo pa konsidere si yo detèmine konpòtman an kòm yon manifestasyon andikap timoun nan, nan ka kote timoun nan:

- Pote oswa posede yon zam nan lekòl la, nan lokal lekòl la oswa nan yon fonksyon lekòl la ki anba jiridiksyon yon ajans leta oswa yon ajans piblik lokal;⁽¹⁸⁾
- Konnen li posede oswa itilize dwòg ilegal oswa vann oswa mande pou vann yon sibstans ki sou kontwòl, pandan li nan lekòl la, nan lokal lekòl la oswa nan yon fonksyon lekòl la ki anba jiridiksyon yon ajans leta oswa yon ajans piblik lokal;⁽¹⁹⁾ oswa
- Te blese yon lòt moun grav nan kò li pandan li nan yon lekòl, nan lokal lekòl la oswa nan fonksyon lekòl la anba jiridiksyon yon ajans leta oswa yon ajans piblik lokal yo.⁽²⁰⁾

Ekip IEP a detèmine anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa pou ranvwa ki se chanjman nan plasman ak ranvwa anba soutit Otorite Adisyonèl ak Sikonstans Espesyal yo.

Chanjman yon plasman:

(13) 34 CFR § 300.530(e)(2).

(14) 34 CFR § 300.530(e)(3).

(15) 34 CFR § 300.530(f)(1).

(16) 34 CFR § 300.530(f)(1)(ii).

(17) 34 CFR § 300.530(f)(2).

(18) 34 CFR § 300.530(g)(1).

(19) 34 CFR § 300.530(g)(2).

(20) 34 CFR § 300.530(g)(3).

Pou rezon ki gen pou wè ak ranvwa yon timoun ki gen yon andikap nan plasman edikasyon timoun nan kounye a, yon chanjman nan plasman ap rive si:

- Ranvwa a se pou plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt nan yon ane lekòl; oswa
- Timoun lan te sibi yon seri ranvwa ki tankou yon modèl paske kantite total ranvwa yo te plis pase 10 jou lekòl nan yon ane lekòl; konpòtman timoun nan prèske menm jan ak konpòtman timoun nan nan ensidan anvan ki nan seri ranvwa yo; epi akòz faktè adisyonèl sa yo tankou kantitan tan chak ranvwa yo dire, kantite total tan timoun nan te nan ranvwa, ak jan ranvwa yo te pwòch youn

ak lòt.

Ajans piblik la detèmine sou yon baz ka-pa-ka si yon modèl nan ranvwa konstitye yon chanjman nan plasman an. Yo kapab revize detèminasyon sa a nan pwosè nòmal ak pwosedè jidisyè yo. Lè yo ranvwa yon timoun pou plis pase 10 jou lekòl, sa a lakòz yon chanjman nan plasman an, si wi ou non konpòtman an se yon manifestasyon andikap la, oswa lè yo ranvwa yon timoun nan anviwònman edikasyonèl pwovizwa (IAES) pou dwòg, zam oswa blese grav nan kò a, timoun nan ap kontinye resevwa sèvis yo pou pèmèt li kontinye patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la menm si li nan yon lòt anviwònman epi pou li fè pwogrè pou atenn objektif ki tabli nan IEP li a. Timoun nan dwe resevwa tou, jan sa a apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl ak sèvis entèvansyon konpòtman ak modifikasyon ki fèt pou trete vyolasyon konpòtman an pou li pa repete. Ekip IEP a detèmine sèvis ki apwopriye ak ki kote yo pral bay sèvis yo.

Demann yon mezi disiplin:

Si paran yon timoun ki gen yon andikap dakò ak yon desizyon konsènan yon detèminasyon manifestasyon oswa avèk nenpòt ki desizyon konsènan plasman pou rezon disiplinè, paran yo ka depoze yon plent pwosè nòmal nan Biwo Odyans Administratif (OAH) ak ajans piblik la.⁽²¹⁾ Si ajans piblik la kwè lè li kenbe plasman aktyèl timoun nan, gen anpil chans pou lakòz timoun nan oswa lòt moun blese, ajans piblik la ka depoze yon plent pou pwosè nòmal ak OAH ak paran yo. Lè yo mande yon odyans anba seksyon sa a, sof si paran yo ak LEA dakò alekri pou yo renonse ak reyinyon rezolisyon an oswa pou yo itilize pwosesis medyasyon an, yon reyinyon rezolisyon dwe fèt nan lespas sèt jou apre yo resevwa avi sou plent pou pwosè nòmal la, ak odyans pwosesis la ka kontinye sof si yo te rezoud pwoblèm lan pou satisfaksyon tou de pati yo nan lespas 15 jou apre yo te resevwa plent pou pwosè nòmal la.

Yon Jij Dwa Administratif (ALJ) ap fè odyans pwosè nòmal la. Chak fwa yo mande yon odyans konsènan nenpòt desizyon yo pran nan pati pi wo a, yo dwe akselere odyans la epi li dwe koresponn avèk 34 CFR § 300.532(c); odyans la dwe fèt nan 20 jou lekòl ki vini apre dat plent yo te depoze pwosè nòmal la epi ofisye odyans la dwe pran yon detèminasyon nan lespas 10 jou lekòl apre odyans la.

Nan pran yon detèminasyon pou yon apèl disiplinè, jij dwa administratif la ka:

- Ranvwa yon timoun nan nan plasman kote yo te ranvwa li a; oswa
- Bay lòd pou yon chanjman plasman timoun nan nan yon anviwònman edikasyonèl pwovizwa apwopriye pou pa plis pase 45 jou lekòl si jij dwa administratif la detèmine lè li kenbe plasman timoun nan genyen kounye a, gen anpil chans pou

(21) 34 CFR § 300.532(a).
Revizyon Me2021_FINAL Efektif apati
1ye Jiyè 2021

lakòz timoun nan oswa lòt moun blese.

- Nenpòt desizyon ki pran sou yon odyans akselere pou pwosè nòmal la ki gen rapò ak seksyon sa a, ka fè apèl selon 34 CFR § 300.514.⁽²²⁾

Remak: pwosedri ki anwo yo ka repete, si LEA kwè ranvwaye timoun nan nan plasman orijinal la gen anpil chans pou lakòz timoun nan oswa lòt moun blese.⁽²³⁾

Lè paran yo oswa ajans piblik la mande yon plent pou pwosè nòmal, timoun nan rete nan anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa annatandan desizyon jij dwa administratif la oswa jiskaske peryòd ekspirasyon tan yo bay la fini (pa plis pase 45 jou lekòl), kèlkeswa sa a ki vini an premye a, sof si paran yo ak ajans piblik la dakò.

Timoun yo poko detèmine si l kalifye

Timoun yo pa ko detèmine si yo kalifye pou edikasyon espesyal epi ki te angaje nan yon konpòtman ki vyole nenpòt règ oswa kòd konduit la ka revandike nenpòt nan pwoteksyon yo te prevwa yo, si ajans piblik la te konnen timoun nan te gen yon andikap anvan konpòtman an te fèt.

Ajans piblik la gen konesans si, anvan konpòtman ki lakòz aksyon disiplinè a te fèt:

- Paran yo te eksprime enkyetid yo alekri bay sipèvizè oswa pèsònèl administratif ajans piblik la, oswa yon pwofesè timoun nan pandan l ap fè konnen pitit li a bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo;
- Paran yo te mande yon evalyasyon; oswa
- Pwofesè timoun nan oswa lòt pèsònèl lekòl la te eksprime enkyetid espesifik sou yon modèl nan konpòtman timoun nan te demontre, dirèkteman ak direktè edikasyon espesyal oswa lòt pèsònèl sipèvizyon ajans piblik la.

Ajans piblik la pa fè konnen li gen konesans si:

- Paran yo te refize pèmèt ajans piblik la evalye pitit yo;
- Paran yo te refize pèmèt ajans piblik la bay sèvis edikasyon espesyal; oswa
- Yo te evalye timoun nan epi yo te detèmine li pa t yon timoun ki gen yon andikap dapre IDEA.

Si ajans piblik la pa konnen yon timoun gen yon andikap anvan li pran yon aksyon disiplinè, timoun nan ka sibi menm mezi disiplinè ak yon timoun ki pa gen okenn andikap ki angaje nan konpòtman sa yo.

Si yon paran te fè yon demann pou yon evalyasyon, pandan delè kote pitit yo a anba mezi disiplinè, yo dwe akselere evalyasyon an. Annatandan rezilta yo, timoun nan rete nan plasman edikasyonèl otorite lekòl yo detèmine a. Si, selon evalyasyon ajans piblik la ak enfòmasyon paran yo bay yo, yo detèmine timoun nan se yon timoun ki gen yon andikap, ajans piblik la dwe bay edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo ak tout garanti pwosedri konsènan disiplin timoun ki gen andikap ki aplike.

(22) 34 CFR § 300.532(c)(5).

(23) 34 CFR § 300.532(b)(3).
Revizyon Me2021_FINAL Efektif apati
1ye Jiyè 2021

Rekòmandasyon ak aksyon pa ranfòsman lalwa ak otorite lajistis yo

IDEA pa entèdi ajans piblik yo rapòte yon krim bay otorite ki apwopriye yo ak lapolis. Otorite lajistis yo ka egzèse responsablite yo nan aplike lwa federal ak lwa leta pou krim yon timoun andikap komèt. Nenpòt ajans ki rapòte yon krim dwe bay kopi edikasyon espesyal ak dosye disiplinè timoun nan bay otorite apwopriye yo nan limit Dwa Edikasyon Fanmi ak Lwa sou Konfidansyalite (FERPA) pèmèt li.

PLASMAN INILATERAL TIMOUN YO NAN LEKÒL PRIVE SOU KONT LETA

IEP

34 CFR § 300.148

IDEA pa mande pou yon ajans piblik peye pou pri edikasyon, ki gen ladan entèvansyon bonè oswa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, pou yon timoun ki gen yon andikap nan yon lekòl prive si ajans piblik la te mete disponib yon edikasyon piblik apwopriye (FAPE) gratis epi paran an te chwazi mete pitit yo nan yon lekòl prive.

IDEA pa mande pou yon ajans piblik peye pou pri edikasyon, ki gen ladan edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, pou yon timoun ki gen yon andikap nan yon lekòl prive si ajans piblik la te mete disponib yon edikasyon piblik apwopriye (FAPE) gratis epi paran an te chwazi mete pitit yo nan yon lekòl prive. Sepandan, ajans piblik la dwe mete timoun nan gwoup timoun paran yo mete nan lekòl prive yo, dapre règleman federal yo.

Dezagreman ant paran yo ak ajans piblik la konsènan disponiblite FAPE ak responsablite finansye yo gen pou wè ak pwosedi pwosè nòmal dapre IDEA. Tanpri gade nan "Rezoud Dezakò" pou plis enfòmasyon espesifik.

Si yon timoun ki gen yon andikap te deja resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo selon otorite yon ajans piblik, epi paran yo enskri pitit yo nan yon lekòl matènèl prive, lekòl primè oswa lekòl segondè san konsantman oswa rekòmandasyon ajans piblik la, yon jij dwa administratif oswa yon tribinal ka mande pou ajans piblik la ranbouse paran yo pou pri enskripsyon sa a si yon jij dwa administratif oswa yon tribinal jwenn ajans piblik la pa t mete FAPE a disponib pou timoun nan nan yon tan apwopriye anvan enskripsyon sa a, e plasman prive a pa t apwopriye.. Yon jij dwa administratif oswa yon tribinal ka jwenn plasman paran w la ki apwopriye menm si li pa satisfè nòm leta yo ki aplike nan edikasyon ajans piblik yo bay la

Limit sou ranbousman:

Yon jij dwa administratif oswa yon tribinal ka redwi oswa refize ranbousman an si:

- Nan dènye reyinyon ekip IEP a, paran yo te patisipe anvan yo te retire pitit yo nan lekòl piblik la, paran yo pa t enfòm ekip IEP a yo te rejte plasman ajans piblik la te pwopoze pou bay FAPE, ki gen ladan li deklarasyon enkyetid yo ak entansyon yo pou enskri pitit yo nan yon lekòl prive sou kont leta; oswa
- Pou pi piti dis (10) jou ouvrab (ki gen ladan nenpòt ki jou ouvrab ki tonbe nan yon jou ferye) anvan paran yo retire pitit yo nan lekòl piblik la, paran yo pa t bay ajans piblik la avi alekri sou entansyon yo pou yo retire pitit yo, ki gen ladan enkyetid yo konsènan plasman piblik pitit yo; oswa

- Si anvan paran yo retire pitit yo nan lekòl piblik la, ajans piblik la te enfòmè paran yo, atravè kondisyon avi alekri alavans yo sou entansyon li genyen pou evalye pitit yo (ki gen ladan yon deklarasyon sou objektif evalyasyon an ki te apwopriye e ki te rezonab), men paran yo pa t mete pitit yo disponib pou evalyasyon an; oswa
- Lè yo fin fè yon konklizyon lajistis ki pa rezonab ki gen rapò ak aksyon

paran yo. Malgre kondisyon avi ki dekri anwo a, pri ranbousman an:

- Pa dwe redwi ni pou yo refize l poutèt paran yo pa bay avi sa a, si:
 - Ajans piblik la anpeche paran yo bay avi,
 - Paran yo pa t resevwa avi alekri, dapre kondisyon avi IDEA ki dekri anwo a,
 - Konfòmite avèk kondisyon avi a ta gen anpil chans pou lakòz domaj fizik sou timoun nan, epi
- Kapab, selon diskresyon yon tribinal oswa yon jij dwa administratif, pa redwi oswa yo refize l poutèt yo pa bay avi sa a si:
 - Paran yo pa konn li e yo pa ka ekri anglè, oswa
 - Konfòmite avèk avi a jan sa a dekri anwo a ta gen anpil chans lakòz gwo domaj emosyonèl sou timoun nan.

TRANSFÈ DWA PARAN AN BAY TIMOUN YO **LÈ YO GEN POU PI PITI 18 LANE**

IEP

34 CFR § 300.520

Nan Maryland, dwa paran yo pa transfere bay timoun ki gen andikap lè yo gen 18 lane, eksepte nan sikonstans ki limite.

Dapre lalwa Maryland, nan kèk sikonstans ki limite, tout dwa yo akòde paran yo selon IDEA dwe transfere bay yon timoun ki gen yon andikap. Transfè sa a fèt lè timoun nan rive nan laj 18 lane, si timoun nan pa t enkonpetan dapre lalwa Leta epi gen dokiman kote:

- Paran yo pa disponib oswa yo pa konnen kiyès yo ye, epi timoun nan mande pou dwa paran yo transfere ba li olye yo gen yon paran ranplasan yo nonmen;
- Paran yo pa te patisipe nan pwosesis pou pran desizyon edikasyon espesyal pou timoun nan apre plizyè tantativ pa ajans piblik la pou enplike paran yo nan ane anvan an;
- Paran yo te rejte patisipasyon yo nan pwosesis pou pran desizyon edikasyon espesyal;
- Paran yo pa ka patisipe nan pwosesis pou pran desizyon edikasyon espesyal akòz youn nan yo oswa toulede entènè lopital pou anpil tan, enstitisyonalizasyon oswa maladi grav oswa enfimite yo genyen epi paran yo te konsanti pou fè transfè dwa bay timoun nan;
- Paran yo pa ka patisipe nan pwosesis pou pran desizyon sou edikasyon espesyal akòz sikonstans ekstraòdinè ki depase kontwòl yo, epi paran yo te dakò ak transfè dwa yo bay timoun nan; oswa
- Timoun nan ap viv andeyò kay paran li epi li pa nan swen oswa gad nan men yon lòt ajans piblik.

Si paran yon timoun ki gen yon andikap, k ap viv avèk timoun nan, pa dakò ak transfè dwa yo bay timoun nan lè li gen 18 lane, epi timoun nan pa t enkonpetan dapre lalwa leta a, nenpòt ki pati ka ranpli yon plent pou pwosè nòminal pou detèmine si dwa yo ta dwe transfere.

Si yon timoun ki gen andikap te reprezante pa yon paran ranplasan an akò avèk lalwa federal ak lalwa leta ansanm ak règleman yo, ajans piblik la dwe bay nenpòt avi alekri ki nesèsè anba lalwa federal ak lalwa ansanm ak règleman bay ni timoun nan ni paran ranplasan an. Tout lòt dwa yo akòde paran ranplasan an dapre IDEA dwe transfere bay timoun nan si timoun nan pa t enkonpetan dapre lalwa Leta epi timoun nan mande pou yo fè transfè dwa yo.

REZOUZ DEZAKÒ **IEP ak IFSP**

34 CFR §§ 300.506-300.516 ak 34 CFR §§ 303.430-303.434 ak §§ 303.440-303.449

Pwosedri sa yo dekri pwosesis ki disponib pou paran yo ak ajans piblik yo rezoud dezakò konsènan entèvansyon bonè kay yon timoun oswa pwogram edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, ki gen ladan pwosesis kalifikasyon. Opsyon sa yo gen ladan medyasyon, plent leta ak plent pou pwosè nòminal.

Medyasyon

Medyasyon se yon pwosesis volontè pou tout pati ki konsène yo paran yon timoun ki gen yon andikap ak ajans piblik ki responsab pou edikasyon timoun nan ka itilize nenpòt kilè pou rezoud dezakò ki enplike nenpòt pwoblèm ki nan Pati B IDEA a, ki gen ladan bagay ki rive anvan yo te depoze yon plent pou pwosè nòminal la.⁽²⁴⁾ Se paran yo oswa ajans piblik la ki ka mande medyasyon an.⁽²⁵⁾

Si pandan yon reyinyon ekip IEP/IFSP la, yon paran pa dakò ak IEP/IFSP yon timoun oswa sèvis edikasyon espesyal yo bay timoun nan, ekip IEP/IFSP la dwe bay paran an, nan langaj ki klè:

- Yon eksplikasyon oral epi alekri dwa paran an genyen pou mande medyasyon;
- Enfòmasyon pou kontakte, ki gen ladan yon nimewo telefòn yon paran ka itilize pou resevwa plis enfòmasyon sou pwosesis medyasyon an; ak
- Enfòmasyon konsènan reprezantasyon pro bono ak lòt sèvis legal ba pri oswa ki gratis ansanm ak sèvis ki asosye ki disponib nan zòn nan.

Paran yo ka mande pou yo tradwi enfòmasyon sou medyasyon yo nan lang natif natal paran yo. Si lang natif natal paran yo pale a gen plis pase 1 pousan nan popilasyon elèv la ki pale li nan sistèm lekòl lokal la, ekip IEP/IFSP la dwe bay paran an dokiman ki tradui a nan lespas 30 jou apre dat demann lan.

Yon anplwaye nan Biwo Odyans Administratif (OAH) ki kalifye epi ki antrene nan teknik medyasyon ki efikas ap fè medyasyon an. OAH se yon antite san patipri ki pa fè pati MSDE. OAH gen yon lis anplwaye ki kalifye ki pa gen okenn konfli enterè pèsònèl oswa pwofesyonèl, yo pa anplwaye nan yon ajans Leta oswa LEA ki patisipe nan edikasyon oswa swen timoun

(24) 34 CFR § 300.506(b)(1)(i).

(25) 34 CFR § 303.431(a).
Revizyon Me2021_FINAL Efektif apati
1ye Jiyè 2021

nan epi yo chwazi yo san patipri pou fè medyasyon an. Yon medyatè ki kalifye jan yo dekri li anwo a se pa yon anplwaye MSDE oswa yon LEA paske l ap sèvi kòm medyatè a.

- Medyasyon an pa koute anyen pou paran an oswa ajans piblik ki responsab la pou entèvansyon bonè oswa edikasyon timoun nan, ki gen ladan pri yon reyinyon avèk paran yo pou ankouraje medyasyon an.
- Yo fè yon demann pou medyasyon bay ajans piblik ki responsab la ak OAH pou entèvansyon bonè oswa edikasyon timoun nan. Pou ede paran yo ranpli yon demann pou medyasyon, gen yon fòm ki disponib nan ajans piblik la ak sou sit entènèt MSDE a sou www.marylandpublicschools.org. (an anglè) Pou plis asistans, kontakte Biwo Edikasyon Espesyal ajans piblik la oswa MSDE, Divizyon Entèvansyon bonè (Division of Early Intervention, *an anglè*)/Sèvis Edikasyon Espesyal (Special Education Services, *an anglè*) 410-767-7770.
- Paran yo oswa ajans piblik la ka akonpaye epi pote konsèy pandan medyasyon an.
- Yon sesyon medyasyon pral jeneralman fèt nan lespas 20 jou apre yo fin resevwa yon demann alekri, men yo dwe pwograme l atan epi nan yon kote ki fasil pou tout pati ki konsène nan diskisyon an.⁽²⁶⁾
- Sesyon medyasyon yo se pwosedi ki fèt ak pòt fèmen. Diskisyon ki fèt pandan medyasyon yo dwe konfidansyèl epi yo pa kapab itilize yo kòm prèv nan nenpòt ki odyans pwosesis ki vin apre oswa aksyon sivil nan nenpòt ki tribinal Federal oswa Leta nan yon Eta k ap resevwa asistans dapre Pati B nan IDEA. Paran yo oswa ajans piblik la ka mande pou yo siyen yon angajman konfidansyalite anvan yo kòmanse medyasyon an.
- Yon akò pati ki konsène yo te jwenn nan medyasyon an dwe tabli nan yon akò alekri ki aplikab nan nenpòt Tribinal Leta ki gen otorite pou tandè kalite ka sa a oswa nan yon tribinal distri federal. Paran an ak yon reprezantan ajans la ki gen otorite pou angaje ajans la dwe siyen akò sa a.
- Medyasyon ki disponib pou rezoud dispit yo si wi ou non yon paran te depoze yon plent pou pwosè nòmal pou mande yon odyans pou pwosè nòmal la, men yon ajans piblik pa ka itilize medyasyon pou refize oswa retade dwa paran an pou yon odyans sou plent pwosè nòmal paran an.

Reyinyon pou ankouraje medyasyon:

Yon ajans piblik ka ofri paran yo ki chwazi pa itilize pwosesis medyasyon an, pou yo rankontre nan yon lè ak yon kote ki fasil pou paran yo pou eksplike benefis pwosesis medyasyon an epi ankouraje paran yo pou yo itilize pwosesis la.

Diferans ant yon plent leta ak yon plent pou pwosè nòmal:

Anplis medyasyon an, paran yo gen dwa pou yo itilize pwosesis plent leta a oswa pwosesis plent pou pwosè nòmal la pou rezoud dezakò avèk ajans piblik la. Opsyon sa yo gen règleman ak pwosedi ki diferan.

Règleman IDEA yo gen pwosedi ki separe pou plent leta ak pou plent pou pwosè nòmal. Jan

yo eksplike sa pi ba a, nenpòt moun oswa òganizasyon ka depoze yon plent leta pandan l ap konfime yon vyolasyon nenpòt egzijans IDEA yo pa yon ajans piblik. Se sèlman yon paran oswa yon ajans piblik ki ka depoze yon plent pou pwosè nòmal sou nenpòt kesyon ki gen rapò ak idantifikasyon, evalyasyon, sèvis entèvansyon bonè oswa plasman edikasyonèl yon timoun ki gen yon andikap, oswa dispozisyon pou yon edikasyon piblik apwopriye (FAPE) ki gratis pou timoun nan.

Anplwaye MSDE yo anjeneral dwe rezoud yon plent leta nan 60 jou kalandriye, sof si yo byen pwolonje delè a. Yon jij dwa administratif dwe tande yon plent pou pwosè nòmal (si li pa rezoud nan yon reyinyon pou rezoud pwoblèm oswa nan medyasyon) epi bay yon desizyon alekri nan 45

jou kalandriye apre fen peryòd rezolisyon an oswa peryòd rezolisyon ajiste a, sof si jij dwa administratif la ta akòde yon ekstansyon espesifik sou delè a pa rapò ak demann paran an oswa sou demann ajans piblik la.

Pou yon rezime ak konparezon opsyon sa yo, gade Dokiman siplemantè ki nan dokiman sa a.

Plent leta:

Yon òganizasyon oswa yon moun, ki gen ladan youn ki soti nan yon lòt eta, gen dwa pou pote yon plent leta nan Depatman Edikasyon Eta Maryland la (MSDE). Pou leta fè yon ankèt, plent alekri a dwe ranpli kritè espesifik jan sa a nesesè nan règleman IDEA yo. MSDE responsab pou distribye lajman pwosedè Plent Leta bay paran yo ak lòt moun ki enterese, ki gen ladan sant fòmasyon ak enfòmasyon pou paran, ajans pwoteksyon ak defans, sant vi endepandan ak lòt antite ki apwopriye.

Si yon òganizasyon oswa yon moun, ki gen ladan youn ki soti nan yon lòt Eta kwè yon ajans piblik te vyole yon lwa federal oswa yon lwa leta oswa règleman konsènan yon entèvansyon bonè oswa egzijans edikasyon espesyal, oswa yon ajans piblik pa t aplike yon desizyon odyans pwosè nòmal, yo ka depoze yon plent leta pou rezoud pwoblèm nan. Plent lan dwe depoze nan MSDE epi yo dwe ekri l bay Assistant State Superintendent, Division of Early Intervention/Special Education Services, MSDE, 200 West Baltimore Street, Baltimore, Maryland 21201. Moun oswa òganizasyon ki depoze yon plent leta ak MSDE dwe voye yon kopi plent la bay ajans piblik la an menm tan. Pou ede ranpli plent la, gen pwosedè ki detaye ak yon fòm ki disponib sou sit entènèt MSDE nan www.marylandpublicschools.org, oswa lè w rele Envestigasyon Plent Divizyon an ak Branch Pwosè Nòmal la nan 410-767-7770.

Plent leta a dwe genyen:

- Yon deklarasyon ki di ajans piblik la te vyole yon kondisyon nan lwa federal oswa lwa leta oswa règleman, oswa ajans piblik la pa t aplike yon desizyon pou odyans pwosè nòmal;
- Reyalite ki baze sou deklarasyon an;
- Siyati ak enfòmasyon pou kontakte moun/òganizasyon k ap depoze plent leta a; ak
- Si plent leta a akize yon vyolasyon ki gen rapò ak yon timoun espesifik:
 - Non ak adrès kote timoun nan rete;
 - Non lekòl timoun nan ye a;
 - Nan ka yon timoun sanzabri oswa ki jèn, enfòmasyon ki disponib pou kontakte timoun nan ak non lekòl timoun nan ye a;

- Yon deskripsyon pwoblèm timoun nan, ki gen ladan li reyalite ki gen rapò ak pwoblèm nan; ak
- Yon rezolisyon yo pwopoze pou rezoud pwoblèm nan nan limit li disponib epi pati ki konsène a konnen sa a nan moman yo depoze plent leta a.

REMAK: MSDE gen fòm modèl pou ede paran ak ajans piblik yo ranpli yon plent leta. Paran yo, ajans piblik yo ak lòt pati ki konsène yo ka itilize fòm modèl la oswa yo ka itilize nenpòt lòt fòm depi li satisfè kondisyon ki anwo yo.

Yon plent leta dwe akize yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase yon ane anvan

Leta resevwa plent la. MSDE dwe bay yon desizyon alekri ki gen enfòmasyon sou reyalite ak konklizyon nan 60 jou kalandriye apre li resevwa plent leta a epi li ka pwolonje delè a 60 jou sèlman si:

- Gen sikonstans eksepsyonèl konsènan yon plent an patikilye;⁽²⁷⁾ oswa
- Paran an ak ajans piblik la ki enplike a volontèman dakò pou yon ekstansyon tan an pou yo eseye medyasyon oswa mwayen altènatif pou rezoud dispit yo.⁽²⁸⁾

Pou pi piti, MSDE dwe:

- Fè yon investigasyon endepandan sou plas, si yo detèmine li nesèsè;
- Bay moun ki pote plent la opòtinite pou soumèt plis enfòmasyon, swa oralman oswa alekri, sou akizasyon ki nan plent leta a;
- Bay ajans piblik la opòtinite pou soumèt yon pwopozisyon pou rezoud pwoblèm konfòmite a epi bay pati ki konsène yo opòtinite pou yo volontèman angaje yo nan medyasyon ki konsistan avèk 34 CFR § 300.506.⁽²⁹⁾
- Revize tout enfòmasyon enpòtan yo epi fè yon detèminasyon endepandan pou konnen si yon ajans piblik te vyole kondisyon lwa federal ak lwa leta yo; ak
- Pibliye yon desizyon alekri bay pleyan an ak ajans piblik la ki trete chak akizasyon nan plent la epi ki gen rezilta reyalite ak konklizyon ak rezon ki fè yo pou MSDE pran yon desizyon final.

Desizyon an ap gen ladan l tou pwosedi pou aplikasyon efikas desizyon final la, si sa a nesèsè, ki gen ladan aktivite asistans teknik, negosyasyon ak aksyon korektif pou reyalize konfòmite. Si MSDE detèmine yon ajans piblik echwe pou bay sèvis ki apwopriye yo, desizyon final alekri a dwe trete kijan yon ajans piblik dwe rezoud refi sèvis sa yo ki apwopriye pou bezwen timoun nan, ki gen ladan aksyon korektif ki apwopriye pou trete bezwen timoun nan. (tankou sèvis konpansasyon oswa ranbousman lajan), ak sèvis ki apwopriye nan lavni pou tout timoun andikape.

Rezoud yon plent leta:

Medyasyon ak lòt metòd ki mwens fòmèl pou rezoud dezakò a ka disponib epi yo ankouraje sa a. Si pati ki konsène yo rezoud plent la, MSDE pa fè yon ankèt selon règleman federal yo.

Rezoud yon plent leta ki nan yon odyans pwosè nòminal:

Si MSDE resevwa yon plent leta ki tou fè pati yon odyans pwosè nòminal, oswa si yon plent leta

(27) 34 CFR § 300.152(b)(1)(i).

(28) 34 CFR § 300.152(b)(1)(ii).

(29) 34 CFR § 300.152(a)(3).
Revizyon Me2021_FINAL Efektif apati
1ye Jiyè 2021

gen plizyè kesyon kote youn oswa plis fè pati yon odyans, MSDE dwe mete sou kote nenpòt pati nan plent leta a yo te voye odyans pwosè nòmal la ba li jiskaske konklizyon odyans pwosè nòmal sa a. Sepandan, nenpòt pwoblèm nan plent leta a ki pa fè pati odyans pwosè nòmal la dwe rezoud avèk delè ak pwosedri ki dekri anwo a. Si yon pwoblèm soti nan yon plent leta yo te deja pran desizyon nan yon odyans pwosè nòmal, ki enplike pati yo menm, desizyon odyans la obligatwa, epi MSDE dwe enfòm moun ki pote plent la sou sa a.

Plent pou pwosè nòmal:

Paran an, founisè sèvis entèvansyon bonè yo, ajans lokal ki responsab la oswa yon ajans piblik ka depoze yon plent pwosè nòmal sou nenpòt kesyon ki gen rapò ak idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman yon timoun, oswa dispozisyon pou sèvis entèvansyon bonè oswa plasman edikasyonèl, oswa dispozisyon yon edikasyon piblik apwopriye (FAPE) ki gratis pou yon timoun.⁽³⁰⁾

Plent pou pwosè nòmal la dwe mansyone yon vyolasyon ki te fèt nan lespas de lane pa rapò ak dat

paran an oswa ajans la te konnen oswa yo ta dwe konnen aksyon swadizan ki fòmè baz plent pou pwosè nòmal la, oswa si leta gen yon limit tan eksplisit pou mande tankou yon odyans pwosè nòmal dapre pati sa a, nan tan lwa leta pèmèt sa a.⁽³¹⁾

Delè sa a pa aplike pou yon paran si yo te anpeche paran an depoze yon plent pou pwosè nòmal nan delè a paske ajans piblik la espesifikman fè manti li te rezoud pwoblèm yo idantifye nan plent pwosè nòmal la, oswa ajans piblik la te kenbe enfòmasyon paran an ki te obligatwa pou bay selon IDEA.⁽³²⁾

Pou pote yon plent pou pwosè nòmal la, paran an oswa ajans piblik la (oswa avoka paran an oswa avoka ajans piblik la) dwe soumèt yon plent pou pwosè nòmal la bay lòt pati a ak OAH. Plent lan dwe gen tout kontni ki nan lis anba a epi li dwe rete konfidansyèl.

Pou ede paran yo depoze yon plent pou pwosè nòmal, yon [Fòm Demann pou Medyasyon ak Plent](#)

Pwosè Nòmal disponib nan ajans piblik kibay sèvis entèvansyon bonè a, kote timoun nan lekòl la epi sou sit entènèt MSDE a nan www.marylandpublicschools.org (an anglè). Enfòmasyon ki disponib tou sou nenpòt ki resous legal potansyèl gratis oswa a pri ki ba sou demann yon paran oswa si paran an oswa ajans la depoze yon plent pou pwosè nòmal la. Pou plis asistans, kontakte biwo entèvansyon bonè, biwo edikasyon espesyal ajans piblik oswa MSDE Division of Early Intervention/Special Education Services nan (410) 767- 7770.

Kontni plent pou pwosè nòmal:

Plent pwosè nòmal la dwe gen ladan la;

- Non timoun nan;
- Adrès kote timoun nan rete (oswa pou yon sanzabri, enfòmasyon pou kontakte ki disponib);

(30) 34 CFR § 303.440(a).

(31) 34 CFR § 300.511(e).

(32) 34 CFR § 300.511(f).
Revizyon Me2021_FINAL Efektif apati
1ye Jiyè 2021

- Non lekòl timoun nan ye a;
- Non ajans piblik ki responsab pou edikasyon timoun nan (sa a vle di sistèm lekòl lokal);
- Yon deskripsyon pwoblèm timoun nan ki gen pou wè ak pwosesis inisyal yo oswa chanjman yo pwopoze oswa refize a, ni tou enfòmasyon ki gen rapò ak pwoblèm nan; epi
- Yon solisyon yo pwopoze pou rezoud pwoblèm nan nan limit pati ki konsène a konnen lè plent la te disponib.

Paran an oswa ajans piblik la pa dwe genyen yon odyans pwosè nòmal toutotan paran an oswa ajans piblik la

(oswa avoka paran oswa avoka ajans piblik la), ranpli yon plent pwosè nòmal ki gen ladan l enfòmasyon sa a. MSDE gen fòm modèl pou ede paran ak ajans piblik yo ranpli yon plent pwosè nòmal. Paran yo, ajans piblik yo ak lòt pati ki konsène yo ka itilize fòm modèl la oswa yo ka itilize nenpòt lòt fòm depi li satisfè kondisyon ki anwo yo.

Repons ak plent pou pwosè nòmal:

Lè yon pati depoze yon plent pou pwosè nòmal, ajans piblik ki responsab pou entèvansyon bonè edikasyon timoun lan dwe:

- Enfòmè paran yo sou sèvis legal gratis oswa ki ba pri ak lòt sèvis enpòtan ki disponib yo;
- Bay paran an yon kopi dokiman garanti pwosedè yo; ak
- Enfòmè paran an sou disponiblite medyasyon an.

Si ajans piblik la pa t voye yon avi alekri alavans bay paran yo konsènan pwoblèm paran yo te souleve nan plent pou pwosè nòmal la, ajans piblik la dwe voye bay paran an yon repons, nan lespas 10 jou apre li resevwa plent pou pwosè nòmal la, ki gen:

- Yon eksplikasyon sou rezon ki fè ajans piblik la pwopoze oswa refize pran aksyon yo;
- Yon deskripsyon nenpòt lòt opsyon ajans piblik la te konsidere ak rezon ki fè opsyon sa yo te rejte;
- Yon deskripsyon chak pwosedè evalyasyon, tès, dosye oswa rapò ki te itilize kòm baz pou aksyon yo pwopoze oswa refize a;
- Yon deskripsyon lòt faktè ki te enpòtan e yo te itilize kòm baz pou aksyon yo pwopoze oswa refize a;
- Yon deklarasyon paran yon timoun ki gen yon andikap gen pwoteksyon anba garanti pwosedè yo nan pati sa a, epi, si avi sa a se pa yon referans inisyal pou evalyasyon, sa a vle di yo ka jwenn yon kopi garanti pwosedè yo; ak
- Sous pou paran yo kontakte pou jwenn asistans pou yo konprann dispozisyon ki nan IDEA a.

Repons sa a pa anpeche ajans piblik la revandike plent pou pwosè nòmal paran an te ensifizan, kote ki apwopriye yo.

Lòt pati a nan yon plent pou pwosè nòmal (paran oswa ajans piblik) dwe voye bay lòt pati ki konsène a yon repons ki espesyalman trete pwoblèm ki nan plent pou pwosè nòmal la, nan lespas 10 jou kalandriye apre li resevwa plent pou pwosè nòmal la.

Sifizans avi a:

Yo konsidere plent pou pwosè nòmral la sifizan sof si pati k ap resevwa plent la avize OAH ak lòt pati a alekri nan 15 jou apre li resevwa li epi pati k ap resevwa a kwè plent pou pwosè nòmral la pa satisfè kondisyon kontni yo. Nan senk (5) jou apre li resevwa avi sou defisyans la, OAH ap detèmine si plent pou pwosè nòmral la satisfè kondisyon kontni yo epi l ap avize imedyatman pati ki konsène yo alekri.⁽³³⁾

Yon pati ka modifye plent pou pwosè nòmral la sèlman si lòt pati a konsanti alekri epi yo ba li opòtinite pou rezoud pwoblèm yo atravè yon reyinyon rezolisyon jan yo note sa anba a; oswa OAH bay pèmisyon pa pita pase senk (5) jou anvan yon odyans sou pwosè nòmral rive. Delè pou reyinyon rezolisyon an ak odyans pou pwosè nòmral la kòmmanse ankò avèk ranplisaj plent modifikasyon pwosè nòmral la.

Estati timoun nan pandan pwosesis la:

Pandan dire tout pwosedri administratif oswa jidisyè (eksepte jan yo prevwa li nan seksyon disiplin la), sof si paran an ak ajans piblik la dakò otreman, timoun nan dwe rete nan entèvansyon bonè li ye kounye a oswa plasman edikasyon li a. Si pwosedri a enplike nan yon aplikasyon inisyèl pou sèvis entèvansyon bonè, timoun nan dwe resevwa sèvis sa yo ki pa nan diskisyon an.³⁴ Si pwosedri a enplike nan yon aplikasyon inisyèl pou admisyon inisyèl nan lekòl piblik, timoun nan, avèk konsantman paran yo, dwe nan pwogram piblik la jouk tout pwosedri yo fini. Si desizyon jij dwa administratif la ak paran yo dakò pou yon chanjman nan sèvis entèvansyon bonè oswa plasman edikasyon apwopriye, plasman sa a vin plasman aktyèl timoun nan pandan dire demann ki vin apre yo.

Sepandan, si plent la enplike nan yon aplikasyon pou premye sèvis selon pati sa a soti nan yon timoun ki an tranzisyon soti nan Pati C (ISFP) nan Lwa a pou rive nan Pati B (IEP) epi ki pa kalifye pou sèvis Pati C paske timoun nan te gen twa lane, ajans piblik la pa oblije bay sèvis Pati C timoun nan te resevwa. Si yo jwenn timoun nan ki kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo selon Pati B epi paran an dakò ak dispozisyon inisyèl edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo selon § 300.300(b), lè sa a ajans piblik la dwe bay edikasyon espesyal sa yo ak sèvis ki asosye yo ki pa nan diskisyon ant paran an ak ajans piblik la.⁽³⁴⁾

Pwosesis rezolisyon:

Nan 15 jou kalandriye pou resevwa plent yon pwosè nòmral yon paran, epi anvan odyans pwosè nòmral la kòmmanse, ajans piblik la dwe fè yon reyinyon avèk paran an ak manm ki enpòtan an oswa manm ekip Plan Sèvis Endividyèl Fanmi (IFSP) oswa ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize a (IEP) ki gen konesans espesifik sou reyalyte yo idantifye nan plent pou pwosè nòmral paran an.

Reyinyon an:

- Dwe gen ladan yon reprezantan nan ajans piblik la ki gen otorite pou pran desizyon sou non ajans piblik la; ak
- Pa ka gen ladan yon avoka ki reprezante ajans piblik la sof si paran an pote yon avoka.

(33) 34 CFR § 303.430(e)(2).

(34) 34 CFR § 300.518(c).
Revizyon Me2021_FINAL Efektif apati
1ye Jiyè 2021

Paran an ak ajans piblik la detèmine manm ki enpòtan nan ekip IFSP oswa IEP pou patisipe nan reyinyon an. Objektif reyinyon an se pou paran an diskite sou plent pou pwosè nòmral la ak enfòmasyon ki fòme baz plent la pou ajans piblik la gen opòtinite pou rezoud dispit la.

Reyinyon rezolisyon an pa nesèsè si:

- Paran an ak ajans piblik la dakò alekri pou anile reyinyon an;
- Paran an ak ajans piblik la dakò eseye medyasyon; oswa
- Ajans piblik la inisye plent nòmral la.

Si ajans piblik la pa t rezoud plent pwosè nòmral la pou satisfaksyon paran an nan

30 jou kalandriye yo resevwa plent la (peryòd rezolisyon an), odyans pwosè nòmral la ka rive.

Delè 45 jou pou bay desizyon final la kòmanse nan fen peryòd rezolisyon 30 jou a, sòf si youn nan sikonstans sa yo ki dekri anba a nan *Ajisteman nan Peryòd Rezolisyon 30 Jou Kalandriye a oswa seksyon delè akselere* yo aplike.

Ajisteman nan peryòd rezolisyon 30 jou kalandriye a:

Eksepte lè paran an ak ajans piblik la te dakò pou pwolonje pwosesis rezolisyon an, anile pwosesis rezolisyon an oswa pou yo itilize medyasyon, si yon paran pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an, sa pral retade delè pou pwosesis rezolisyon an ak odyans pou pwosè nòmral jis lè reyinyon an te fèt.

Si, apre yo fin fè jefò ki rezonab epi dokimante jefò sa yo, ajans piblik la pa kapab jwenn patisipasyon paran an nan reyinyon rezolisyon an, ajans piblik la ka, nan fen peryòd rezolisyon 30 jou a, mande pou ALJ ranvwaye plent pwosè nòmral la. Dokimantasyon jefò ajans piblik la dwe gen ladan yon dosye sou tantativ pou fè aranjman pou yo toulede dakò sou tan ak ki kote, tankou:

- Dosye detaye sou apèl telefòn yo te fè oswa eseye ak rezilta apèl sa yo;
- Kopi korespondans yo te voye bay paran an ak nenpòt repons yo te resevwa; ak
- Dosye detaye sou vizit yo te fè nan kay paran an oswa nan plas travay la ak rezilta vizit sa yo.

Si ajans piblik la pa fè reyinyon rezolisyon an nan 15 jou kalandriye apre li resevwa avi sou plent yon pwosè nòmral, paran an oswa si li pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an, paran an ka mande pou odyans lan kòmanse epi desizyon an ap pran nan yon delè 45 jou kalandriye.

Si paran an ak ajans piblik la dakò alekri pou anile reyinyon rezolisyon an, lè sa a delè 45 jou pou odyans pou pwosè nòmral la ap kòmanse nan demen

Après kòmansman medyasyon an oswa reyinyon rezolisyon an e anvan fen peryòd rezolisyon 30 jou a, si paran an ak ajans piblik la dakò alekri pa gen akò ki posib, lè sa a delè 45 jou pou odyans pwosè nòmral la kòmanse nan demen.

Si paran an ak ajans piblik la dakò eseye medyasyon, nan fen peryòd rezolisyon 30 jou a, tou de pati yo ka dakò alekri pou kontinye pwosesis medyasyon an jiskaske yo rive jwenn yon

akò. Sepandan, si swa paran an oswa ajans piblik la retire tèt li nan pwosesis medyasyon an, lè sa a delè 45 jou pou odyans pou pwosè nòmal la ap kòmanse nan demen.

Akò règleman rezolisyon:

Si yo jwenn yon rezolisyon ak diskisyon an nan reyinyon rezolisyon an, paran an ak ajans piblik la dwe antre nan yon akò alekri, legalman obligatwa ki:⁽³⁵⁾

- Siyen pa paran an ak yon reprezantan ajans piblik la ki gen otorite pou angaje ajans piblik la nan akò a; ak
- Aplikab nan nenpòt tribinal leta nan jiridiksyon konpetan (yon tribinal leta ki gen otorite pou tande kalite ka sa a) oswa nan yon tribinal distri federal.

Si paran an ak ajans piblik la antre nan yon akò kòm yon rezilta nan yon reyinyon rezolisyon, nenpòt ki pati ka anile akò a nan twa (3) jou ouvrab.

Odyans pwosè nòmal:

Paran an oswa ajans piblik la ki enplike nan yon dispit gen opòtinite pou yon odyans pwosè nòmal san patipri lè y ap depoze yon plent pou pwosè nòmal la. Yon paran oswa ajans piblik dwe mande odyans la nan dezan apre dat paran an oswa ajans piblik la te konnen aksyon swadizan ki fòme baz plent pou pwosè nòmal la. Eksepsyon ki sèlman nan kondisyon nan de ane yo se: (1) si yo te anpeche yon paran ranpli yon plent pou pwosè nòmal akòz move reprezantasyon espesifik pa LEA ke li te rezoud pwoblèm nan fòme baz plent pwosè nòmal, oswa (2) si yo te anpeche yon paran ranpli yon plent pwosè nòmal akòz LEA te kenbe enfòmasyon li te oblije bay yon paran.

Yon jij dwa administratif (ALJ):

- Se yon anplwaye nan Biwo Odyans Administratif yo, men li pa anplwaye nan MSDE;
- Pa gen yon enterè pèsonèl oswa pwofesyonèl ki antre an konfli ak objektivite yo nan odyans la;
- Li gen konesans epi li konprann dispozisyon IDEA a, ak règleman federal ak leta ki gen rapò ak IDEA a, ak entèpretasyon legal IDEA a; epi
- Gen konesans ak kapasite pou fè odyans, epi pou pran ak ekri desizyon, ki konsistan avèk pratik legal ki apwopriye epi estanda.
- Yon moun ki otreman kalifye pou fè yon odyans, se pa yon anplwaye MSDE paske MSDE sèlman peye li pou sèvi kòm yon ofisye odyans.⁽³⁶⁾
- MSDE ap kenbe yon lis moun ki sèvi kòm ofisye odyans, pou mete yon deklarasyon kalifikasyon pou chak moun sa yo. Enfòmasyon sa a disponib sou sit entènèt OAH la.⁽³⁷⁾

Gen yon plent nan kad pwosè nòmal:

Pati a (paran an oswa ajans piblik la) ki depoze plent pou pwosè nòmal la pa ka soulve pwoblèm nan odyans pou pwosè nòmal la ki pa te trete plent pou pwosè nòmal la, sof si lòt pati a dakò.

(35) 34 CFR § 300.510(d).

(36) 34 CFR § 303.443(c)(2); 34 CFR § 300.511(c)(1-2).

(37) 34 CFR § 303.443(c)(3); 34 CFR § 300.511(c)(3).

Dwa odyans:

Nenpòt pati nan nenpòt odyans sou pwosè nòmal la (ki gen ladan yon odyans sou pwosedè disiplinè IDEA) gen dwa pou:

- Reprézante tèt ou oswa w dwe reprézante pa yon avoka nan odyans pwosè nòmal la an akò avèk Atik Gouvènman leta §9-1607.1, Kòd anote eta Maryland;
- Ou dwe akonpaye epi genyen konsèy yon avoka ak moun ki gen konesans espesyal oswa fòmasyon ki gen rapò ak pwoblèm sa yo nan timoun ki gen andikap;
- Prezante prèv epi defann, egzamine tout bagay epi mande pou prezans temwen;
- Entèdi entwodiksyon nenpòt prèv nan odyans la ki pa te divilge bay

pati sa a pou pi piti 5 jou ouvrab anvan odyans la;

- Jwenn yon opsyon alekri oswa sou chwa paran an, elektwonik, mo-pou-mo dosye odyans la; ak
- Jwenn yon opsyon alekri oswa sou chwa paran an, rezilta elektwonik ak desizyon.

Divilgasyon lòt enfòmasyon:

Pou pi piti senk (5) jou ouvrab anvan yon odyans legal, paran an ak ajans piblik la dwe devwale youn ak lòt tout evalyasyon ki te fèt nan dat sa a ak rekòmandasyon ki baze sou evalyasyon paran an oswa ajans piblik la gen entansyon itilize nan odyans la. Yon jij dwa administratif ka anpeche nenpòt pati ki pa konfòme li avèk egzijans sa a pou entwodwi evalyasyon oswa rekòmandasyon ki enpòtan nan odyans la san konsantman lòt pati a.

Dwa paran yo:

Paran an gen dwa pou:

- fè timoun nan la a;
- Ouvè odyans la ak piblik la; epi
- Genyen dosye odyans la, obsèvasyon reyalite yo ak desizyon yo ba w gratis.

Desizyon odyans la:

Desizyon jij dwa administratif la sou si yon timoun te resevwa yon edikasyon piblik apwopriye (FAPE) gratis dwe baze sou baz solid. Nan zafè ki deklare yon vyolasyon pwosedè, yon jij dwa administratif ka jwenn timoun nan pa t resevwa FAPE sèlman si ensifizans pwosedè yo:

- Entèfere ak dwa timoun nan nan yon FAPE;
- Siyifikativman entèfere ak opòtinite paran an pou patisipe nan pwosesis pou pran desizyon konsènan dispozisyon yon FAPE pou timoun nan; oswa
- Kòz yo privatize yon benefis edikasyon.

Yo pa ka entèprete okenn nan dispozisyon ki dekri anwo yo pou anpeche yon jij dwa administratif pase lòd pou yon ajans piblik konfòme li avèk kondisyon ki nan seksyon garanti pwosedè règleman federal yo selon Pati B IDEA a (34 CFR 300.500 jiska 300.536).

Desizyon jij dwa administratif la sou si yo te idantifye, evalye oswa plase kòm sadwa yon timoun, oswa si yo te bay timoun nan sèvis entèvansyon bonè jan sa a dwe baze sou baz solid. Nan zafè ki deklare yon vyolasyon pwosedè, yon jij dwa administratif ka jwenn yo pa t idantifye kòm sadwa, evalye, mete oswa bay timoun lan sèvis entèvansyon bonè sèlman si ensifizans pwosedè yo:

- Anpeche dwa timoun nan pou idantifikasyon, evalyasyon ak plasman oswa bay sèvis entèvansyon bonè pou timoun nan ak fanmi timoun nan;
- Anpeche siyifikativman opòtinite paran an pou patisipe nan pwosesis pou pran desizyon konsènan idantifikasyon, evalyasyon, plasman oswa dispozisyon sèvis entèvansyon bonè pou timoun nan ak fanmi timoun nan; oswa
- Kòz yo privatize yon benefis edikasyon oswa ki gen rapò ak devlopman.

Plent nan kad pwosè nòminal ki separe:

Pa gen anyen nan seksyon garanti pwosedri IDEA ki anpeche yon paran depoze yon plent separe pou yon pwosè nòminal sou yon pwoblèm ki separe ak yon plent pou pwosè nòminal yo deja depoze.

Delè ak komodite nan yon odyans:

Pa pita pase 45 jou kalandriye apre fen peryòd 30 jou kalandriye pou reyinyon rezolisyon yo oswa, jan sa a dekri nan *Ajisteman nan Peryòd Rezolisyon 30 Jou Kalandriye a*, pa pita pase 45 jou kalandriye apre fen peryòd tan ajiste a:

- Yo pran yon desizyon final nan odyans la; ak
- Yon kopi desizyon an poste nan chak pati yo.

Yon jij dwa administratif ka akòde ekstansyon espesifik nan tan pi plis pase peryòd tan 45 jou a sou demann nenpòt ki pati ki konsène yo. Chak odyans dwe fèt nan yon lè ak yon kote ki rezonab pou paran an ak timoun nan.

Odyans akselere pou pwosè nòminal (IEP SÈLMAN):

Yon ajans piblik responsab pou fè aranjman pou yon odyans akselere pou pwosè nòminal lè yo depoze yon plent pou pwosè nòminal sou non yon timoun ki gen yon andikap, konsènan:

- Yon timoun ki gen yon andikap ki pa enskri kounye a epi ki ale lekòl;
- Plasman yon timoun ki gen yon andikap nan yon anviwònman edikasyon pwovizwa altènatif; oswa
- Yon detèminasyon manifestasyon.

Odyans pou pwosè nòminal la dwe fèt nan lespas 20 jou lekòl ki vini apre dat plent la te depoze a. Jij dwa administratif la dwe pran yon detèminasyon nan lespas 10 jou lekòl apre odyans la. Yon reyinyon rezolisyon dwe fèt nan lespas sèt (7) jou almannak apre yo fin resevwa avi sou plent pou pwosè nòminal la epi odyans pou pwosè nòminal la ka kontinye sof si pwoblèm la te rezoud pou satisfaksyon tou de pati yo nan lespas 15 jou kalandriye apre yo resevwa plent pou pwosè nòminal la.

Desizyon odyans la:

Aprè li fin efase nenpòt enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman, ajans piblik la responsab pou transmèt rezilta yo ak desizyon yo bay panèl konsiltatif leta a epi tou li dwe mete rezilta sa yo ak desizyon yo disponib pou piblik la.⁽³⁸⁾

Finalizasyon desizyon odyans la:

Yon desizyon jij dwa administratif se yon desizyon final sof si demann nan pa ni paran yo ni ajans piblik la. Nenpòt pati ki te afekte pa rezilta yo ak desizyon yo gen dwa pou pote yon aksyon sivil ki gen rapò ak plent yo prezante nan odyans pwosè nòmral la.

Demann:

Nenpòt pati ki konsène nan odyans la ki pa dakò ak rezilta yo ak desizyon an gen dwa pou fè apèl, nan kòmanse pa pote yon aksyon sivil nan nenpòt tribinal leta nan jiridiksyon konpetan oswa nan yon tribinal distri nan Etazini san yo pa konsidere kantite lajan an nan konfli a nan lespas 120 jou apati dat desizyon jij dwa administratif la.

Nan nenpòt aksyon sivil, tribinal la ap:

- Resevwa dosye pwosedè administratif yo;
- Tande prèv adisyonèl sou demann paran an oswa sou demann ajans piblik la;
- Baze desizyon li sou preponderans prèv la: ak
- Bay soulajman tribinal la detèmine ki apwopriye.

Pa gen anyen nan Pati B IDEA ki mete restriksyon sou oswa limite dwa, pwosedè ak remèd ki disponib anba Konstitisyon Ameriken an, Lwa sou Ameriken ki Andikape 1990, Tit V Lwa sou Reyabilitasyon an 1973 (Seksyon 504), oswa lòt lwa federal ki pwoteje dwa timoun ki gen andikap. Eksepte anvan ranplisaj yon aksyon sivil anba lwa sa yo k ap chèche soulajman ki disponib tou anba Pati B nan IDEA, pwosedè pwosè nòmral ki dekri anwo a dwe fin itilize nan menm limit yo ta mande si paran an oswa ajans piblik la te depoze aksyon an selon Pati B IDEA a. Sa vle di paran yo ka gen solisyon ki disponib anba lòt lwa ki mache ak sa ki disponib yo dapre IDEA a, men an jeneral, pou jwenn soulajman anba lòt lwa sa yo, paran yo dwe premyeman itilize solisyon administratif ki disponib selon IDEA a (sa a vle di, plent pou pwosè nòmral, reyinyon rezolisyon ak pwosedè odyans san patipri pou pwosedè odyans la) anvan w ale dirèkteman nan tribinal la.

FRÈ AVOKA YO **JEP ak JESP** **34 C.F.R. § 300.517**

Nan nenpòt aksyon oswa pwosedè ki parèt selon IDEA, tribinal la, selon diskresyon li, ka bay frè avoka rezonab pou:

- Paran yo oswa responsab yon timoun ki gen yon andikap ki se pati dominan an;
- Pou yon pati dominan ki se MSDE oswa nenpòt lòt ajans piblik kont avoka paran an ki depoze yon plent oswa yon kòz aksyon ki pase ki frivòl, rezonab oswa san fondasyon, oswa kont avoka paran an ki te kontinye litij apre litij ki te klèman vin serye, pa rezonab, oswa san fondasyon; oswa
- Pou yon pati dominan ki se MSDE oswa nenpòt lòt ajans piblik kont avoka paran an, oswa kont paran an, si plent paran an oswa yo te prezante yon kòz aksyon ki pase pou nenpòt ki rezon ki pa apwopriye tankou anmède, lakòz reta ki pa nesèsè, oswa ogmante san nesèsite pri litij la.

Frè yo akòde yo dwe baze sou pousantaj dominan nan kominote kote aksyon an leve a pou kalite sèvis yo founi yo. Okenn bonis oswa miltiplikatè pa dwe itilize nan kalkil frè yo akòde yo. Fon ki disponib selon IDEA a pa dwe itilize pou sipòte frè legal yo, frè tribinal yo oswa lòt frè ki asosye avèk yon kòz aksyon yo pote sou non yon timoun ki gen yon andikap pou asire FAPE.

Yo pa ka bay frè yo nan sikonstans sa yo:

- Pou nenpòt reyinyon ekip IFSP oswa IEP sof si yo konvoke li kòm rezilta yon odyans pwosè nòmral oswa aksyon jidisyè;
- Pou medyasyon ki fèt anvan w ranpli yon plent pou pwosè nòmral;
- Pou reyinyon rezolisyon; ak
- Pou sèvis apre yon òf règleman alekri yo bay paran an si:
 - Òf la te fèt nan delè yo dapre Règ 68, Règ Federal Pwosedè Sivil, oswa nan yon pwosedè administratif, plis pase dis jou anvan pwosedè kòmanse;
 - Yo pa aksepte òf la nan dis jou; epi
 - Tribinal la konfime soulajman paran an jwenn nan odyans la pa pi favorab pou paran an pase òf règleman an. Frè ak depans yo ka akòde si paran an te jistifye anpil nan rejte òf règleman an.

Frè yo ka redwi nan sikonstans sa yo:

- Paran an oswa avoka paran an san rezon pwolonje rezolisyon dispit la;
- Kantite lajan an depase san rezon tarif èdtan yo konsidere pou yon sèvis similè nan kominote a pa avoka ki gen konpetans rezonab, repitasyon ak eksperyans;
- Tan an ak sèvis yo te twòp lè nou konsidere kalite pwosedè a; oswa
- Avoka a pa t bay enfòmasyon ki apwopriye lè y ap ranpli avi demann odyans pou pwosè nòmral la.

Yo pa redwi frè yo si:

- Ajans piblik la pwolonje rezolisyon an; oswa
- Te gen yon vyolasyon kondisyon garanti pwosedè yo.

Akòz dwa paran yo genyen pou rekipere frè avoka yo depann sou respè kondisyon ki tabli nan IDEA a, paran yo ta dwe diskite sou zafè sa a ak avoka yo.

FICHYE KI NAN ATACHMAN: TABLO KONPAREZON PWOSESIS REZOLISYON IDEA

	MEDYASYON	PLENT PWOSE NÒMAL	PWOSESIS REZOLISYON	PLENT LETA
Kiyès ki ka kòmanse ak pwosè a?	Paran oswa ajans piblik, men li dwe yon desizyon volontè pou toulede	Paran oswa ajans piblik	Ajans piblik la pwograme reyinyon rezolisyon an lè li resevwa yon plent pou pwosè nòmal sof si pati ki konsène yo dakò pou renonse oswa itilize medyasyon	Nenpòt moun oswa òganizasyon ki gen ladan moun ki soti andeyò eta a
Ki delè yon moun genyen pou li depoze plent?	Pyès repons	2 lane apati lè pati ki konsène a te konnen oswa yo ta dwe konnen pwoblèm nan ak atant ki limite ¹	Deklanche pa plent pwosè nòmal akòz yon paran	1 lane apati dat swadizan vyolasyon an
Ki pwoblèm ki ka rezoud?	Nenpòt bagay dapre Pati 300, ki gen ladan bagay ki rive anvan yo depoze yon plent pou pwosè nòmal (gen eksepsyon) ²	Nenpòt kesyon ki gen rapò ak idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman edikasyonèl oswa dispozisyon pou yon edikasyon piblik apwopriye epi gratis (gen eksepsyon)	Menm jan ak pwoblèm yo mansyone nan plent pwosè nòmal paran an	Vyolasyon swadizan Pati B IDEA oswa Pati 300
Ki delè pou rezoud pwoblèm yo?	Pyès repons	45 jou soti nan fen peryòd rezolisyon an sof si yo akòde yon ekstansyon espesifik nan delè a ^{3, 4}	Ajans piblik la dwe konvoke yon reyinyon rezolisyon nan lespas 15 jou apre li resevwa plent pou pwosè nòmal paran an, sof si pati yo dakò alekri pou anile reyinyon an oswa dakò pou itilize medyasyon Peryòd rezolisyon an se 30 jou apre li resevwa plent pou pwosè nòmal paran an sof si pati yo dakò yon lòt bagay oswa paran an oswa ajans piblik la pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an oswa ajans piblik la pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an nan lespas 15 jou apre li resevwa plent pwosè nòmal paran an ^{3, 5, 6, 7}	60 jou apre li resevwa plent la sof si yo pèmèt yon ekstansyon
Kiyès k ap rezoud pwoblèm yo?	Paran ak ajans piblik la avèk yon medyatè Pwosesis la volontè epi toulede pati ki konsène yo dwe dakò sou yon rezolisyon	Ofisye odyans la/ Jij dwa administratif (ALJ)	Paran ak ajans piblik Toulede pati ki konsène yo dwe dakò sou yon rezolisyon	Departman Edikasyon Eta Maryland ⁹

1 Delè a pa aplike pou yon paran si yo te anpeche paran an depoze yon plent pou pwosè nòmal akòz:

(1) fo deklarasyon espesifik ajans piblik la fè kòmkiwa li te rezoud pwoblèm nan ki se baz plent pwosè nòmal la; oswa (2) enfòmasyon ajans piblik la genyen sou paran an yo te egzije selon Pati 300 IDEA pou yo bay paran an (34 C.F.R. §300.511 (f)).

2 Eksepsyon sa yo gen ladan yo: ajans piblik la ka pa ranpli yon plent pou pwosè nòmal oswa sèvi ak medyasyon pou pase sou desizyon refi yon paran pou bay konsantman nan pwovizyon inisyal la nan sèvis edikasyon espesyal (34 C.F.R. §300.300(b)(3)); ajans piblik la pa gen dwa depoze yon plent pou pwosè nòmal oswa itilize medyasyon pou pase sou desizyon yon paran refize bay konsantman pou yon premye evalyasyon oswa reevalyasyon yon timoun paran l mete nan lekòl prive oswa yon timoun ki lekòl lakay; (34

C.F.R. §300.300(c)(4)(i)); dwa paran pou timoun paran mete nan lekòl prive pou depoze yon plent pou pwosè nòmal limite ak si ajans piblik la pa satisfè pou timoun nan jwenn kondisyon (34 C.F.R. §300.140); ajans piblik la ki pa bay yon pwofesè ki vrèman kalifye pa yon pwoblèm pa rapò ak pwosè nòmal la, men yo ka depoze yon plent leta nan Ajans Edikasyon Leta a (SEA) (34 C.F.R. §300.156 (e)).

3 Si yo depoze plent pwosè nòmal la pou yon odyans rapid dapre pwosedè disiplin nan oswa timoun nan pa enskri kounye a epi li pa ale lekòl, peryòd rezolisyon an se 15 jou kalandriye (avèk reyinyon an k ap fèt nan 7 jou). Si pwoblèm nan pa te rezoud pou satisfè toulede pati yo, odyans la dwe fèt nan lespas 20 jou lekòl ki vini apre dat yo te mande odyans la epi yo dwe pran yon desizyon nan 10 jou lekòl apre odyans la. (34 C.F.R. §300.532(c) and COMAR 13A.05.01.15).

4 Yon ofisye odyans/jij dwa administratif ka bay yon ekstansyon an patikilye sou demann youn nan pati yo. (34 C.F.R. §300.516(c)).

5 Règleman yo pèmèt ajisteman pou peryòd rezolisyon 30 jou a. Delè 45 jou pou odyans la pwosè nòmal la kòmanse jou ki vin apre youn nan evènman sa yo: (1) toulede pati yo dakò alekri pou renonse ak reyinyon rezolisyon an; (2) apre swa reyinyon medyasyon an oswa rezolisyon an kòmanse, men anvan fen peryòd 30 jou a, pati yo dakò alekri pa gen akò ki posib; (3) si toulede pati yo dakò alekri pou kontinye medyasyon an nan fen peryòd rezolisyon 30 jou a, men apre, paran an oswa ajans piblik la retire tèt li nan pwosesis medyasyon an. (34 C.F.R. §300.510 (c)).

6 Paran an ki pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an ralanti nan delè pwosesis rezolisyon an ak odyans pou pwosè nòmal la jiskaske reyinyon an fèt. (34 C.F.R. §300.510(b)(3)).

7 Si ajans piblik la pa òganize reyinyon rezolisyon an nan lespas 15 jou apre li resevwa plent pou pwosè nòmal paran an oswa li pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an, paran an ka chèche entèvansyon yon jij dwa administratif pou kòmanse odyans pwosè nòmal la (34 CFR §300.510(b)(5)).

8 Delè pou rezoud plent leta a ka pwolonje si gen sikonstans eksepsyonèl ki gen rapò ak yon plent an patikilye, oswa paran an (oswa moun nan oswa òganizasyon an, si medyasyon oswa lòt mwayen altènatif pou rezolisyon dispit la, ki disponib pou moun nan oswa òganizasyon selon pwosedè leta) ak ajans piblik la dakò pou yo pwolonje tan pou angaje yo nan medyasyon oswa angaje yo nan lòt mwayen altènatif pou rezoud dispit la, si sa a disponib nan Eta a (34 CFR §300.152(b)(1)).

9 Pwosedè plent MSDE yo bay ajans piblik la opòtinite pou yo reponn plent la, ki gen ladan, selon diskresyon ajans piblik la, yon pwopozisyon pou rezoud plent la; ak yon opòtinite pou paran ki depoze yon plent ak ajans piblik la angaje tèt yo volontèman nan medyasyon. (34 C.F.R. §300.152(a)(3)). Nan kèk ka, moun ki pote plent la ak ajans piblik la kapab rezoud dispit la san yo pa bezwen MSDE pou rezoud pwoblèm lan.

Depatman Edikasyon Eta Maryland
Division of Early Intervention & Special Education Services
200 West Baltimore Street
Baltimore, Maryland 21201
410-767-0249 (telefòn)
410-333-1571 (fax)
<http://www.marylandpublicschools.org> (an anglè)